Ialвади Шайхиев

Яьссин къоналла

ІАЛВАДИ ШАЙХИЕВ

ЯЬССИН КЪОНАЛЛА

ШАТОЙСКАЯ
ЦЕНТРАЛЬНАЯ
РАЙОННАЯ
БИБЛИОТЕКА

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
ГРОЗНЫЙ — 1977

333
Ш17

Шайхиев А. Х.

Ш17

Ножин-Юьртан районехь хьовха, республикан ламанан районийн бахамашлахь уггаре а хьалхелелочех цхьаъ ю Шерипов Асланбекан цIарах йолу колхоз. ХIинца иза — колхоз-миллионер ю.

ХIокху книги тIехь яздархочо Шайхиев Iалвадис дуьйцу оцу колхозан къинхьегамхойх лаьцна, иза йоццачу хенахь кхиамашка кхачаран хьокъехь.

Ш $\frac{0411—046}{М\ 135(03)—77}$ 333

© Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977

ЛАЬТТО IАМИЙНА ВАЙН МОТТ

Шогаллина бехк ма билла,
Ламанхой ду цIенна тхо,
Кхузахь дахар — доцуш хIилла —
Ирхенашца дустало.

Яьсси — ламанан хи ду. Иза башха доккха а дац, амма шен аьрха амал йолуш ду. Iай а, аьхка а парггIат керчайо цо шен тулгIеш. Ткъа бIаьстенан юьххьехь а, гуьйренан юккъерчу деношкахь а, ша Iаьвдина бердаш гат а лой, инзаре гIергIаш, новкъа мел нисделларг шен мара хьерчош, тIулгаш дIатекхош, гоьргаш бухйохуш, топ кхеттачу жаргIанах тулгIенийн кхес уьйуш, хьердаьлча санна аренга хьоду. Иштачу муьрехь кхераме а, забар йицлой а хуьлу иза. Геннара дуьйна а хезаш хуьлу цуьнан буьрса гIергIар.

Яьсси дардо йочанаша.

Ткъа шеран вукху хенашкахь иза эсала хуьлу: гIад дуткъло, хи хьаа а хьаьий серла долу, чуьра тIо а гуш.

Яьсси-хин аьтту а, аьрру а агIор Iохкуш ю ламанан ярташ: Бетти-Мохк, Замай-Юрт, ГIалитIа, СогунтIа, Мескита. Уьш ерриге а нохчийн сийлахьчу кIентан Шерипов Асланбекан цIе лелош йолчу колхозана юкъайогIуш ю. Ткъа иза Ножин-Юьртан районерчу цхьайтта бахамах уггаре йоккхах ерг а, хьалхелелочех а цхьаъ ю. Кхузахь дехаш а, белхаш беш а ду

кънхьегамна хьуьнаре, дог цIена, комаьрша адамаш. Сан махкахой. Кхузахь дIаяхна сан бераллин уггаре мерза хан:

ГIалахь веха. Эвлахь кхиъна.
Яьссин йистехь. Замай-Юьртахь.
Сайн беральа кхузахь дитна,
Гура чуьрчу жимчу суьртахь.

Со кест-кеста хуьлу цигахь. Шеран массо а хенашкахь — Iай, бIаьста, аьхка, гуьйранна, — хаза ю и меттигаш. Шеран массо а хено шен-шен басаршца кхолу уьш.

Iаламо комаьршша исбаьхьалла елла царна. Iаламо комаьрша дегнаш делла кхузарчу адамашна.

ХIинца со кхуза веана бIаьстенан юккъерчу деношкахь. Iаьнан набарх евлла аренаш соьналлах юьзна ю; дукха хан йоццуш чIана лаьттинчу диттийн генашна тIехь мохо ловзадо баьццара гIаш; кIайн верта дIа а тесна, сийна хутт дуьйхина кечделла лаьмнаш. Шурин бецах дуьзна хIаваъ дегIе цхьа ша тайпа аьхналла кхийдош ду. Гобаькхина ю тапъаьлла тийналла. Наггахь и тийналла йохайо хIинцхIинцца патарш хоьцуш долчу зезагех мутт эца зевнаца беанчу накхармозано, шур-шур деш цхьана куллан бухара вукхунна юкъаикхинчу моьлкъано, каг а делла, охьадоьжначу декъачу гено, олхазарша уьйучу озо. ДIогарчу ламанан дукъа тIехула шершина яьхкина маьлхан зIаьнарш луьйчуш ю Iуьйренан тхилахь. Цкъацкъа тогIи чуьра хьоькхучу мелачу мохо лере схьакхоьхьу Яьсси-хин тулгIенийн эшаран мукъамаш.

ЦIеххьана, нанас хьаьстинчу жимачу беран

делакъажарх тарлуш, малхехь эзар бос хуьйцуш, мохехь тулгIъюьйлуш техка йолало кIенарин хьаьтта. Адаман къинхьегаман куьйгаша кхоьллина беркат ду иза.

Сан самукъадолу сатоссуш гIаьттина, генна ламанан дукъа тIе а ваьлла, иштта Iаламан и башха хан тергалъеш. Дог-ойла, синкхетам, — хьо верриг йийсар во оцу яьржинчу хазалло. Хьан дагчохь меттиг ца буьсу гIайгIанна, сингаттамна. Иза декхаделла, деладелла ду. Хьан коьртехь кхехка юьйлало сирла ойланаш. Хьо ирсе ву.

Амма тахана кхузахь со суо вац. Соьца ву колхозан председатель Эльсункаев Ваха а.

Цуьнан къинхьегаман некъ кхузахь, хьомечу колхозехь, дIаболабелла. Юьхьанца иза могIара колхозник вара. Цул тIаьхьа иза деша вохуьйту. Агрономан говзаллица цIа воьрзу иза. Коьртачу агрономан декхарш кхочушдо цо. Ткъа 1971-чу шарахь, Эльсункаев Ваха председатель хоржу. Цуьнан метта коьртачу агрономан балха хIутту Хизриев Ахьмад. Вуьшта, цуьнан къинхьегаман биографи а оццу колхозаца йозаелла ю: хьаьжкIашлелорхо, прицепщик, шофер, агроном, тIаьххьара коьрта агроном — иштта дIаяздина ду цуьнан къинхьегаман книжки тIехь. ХIара ткъа шо сов хан ю цо колхозехь къахьоьгу. ХIинца иза дипломированни говзанча ву (ДегIастанарчу юьртабахаман институтан агрономически отделени чекхъяьккхина цо).

Бахаман коьртехь говзанчаш хилар доккхачу маьIне ду. Дуккха дозуш ду царех, церан хаарех. Цхьанна къайлехь ма дац хьалха тIаьхьаюьсуш хилла йолу колхоз, говзанчаш баьхкичахьана кхиа йолаелла хилар.

Суна дагадогlу Замай-Юьртарчу вахархочо воккхачу стага Истамулов Мусхьаьжас дийцина шира хабар.

Мацах цкъа, хьалха заманахь, цхьана эвлахь вехаш-lаш хилла цхьа аьчгапхьар. Эвлахь цхьаъ бен цахиларе терра, наха къаьсттана чlогlа сийдеш а, лоруш а хилла иза. Амма цкъа ледарло ялийтина цо шегара. ЧIогIа езаелла аьчгапхьерана цхьаннан говр. Йолчу дас мел дехарш дарх иза йохка а ца йоьхкина, дан хlума доцуш кlелвисича, говр лачкъо сацам бина аьчгапхьеро. Ша дагалаьцнарг кхочуш а дина цо. Амма къола къайла ца даьлла — гучуваьлла курхалча. ТIаккха цунна кхиэл ян хевшина баккхий нах. Кхеташо еш бехха Iийначул тIаьхьа, цара сацамбо аьчгапхьерана еза кхиэл ян: иза эвлах ваккха. Амма кхиэл кхочушъяле хьалха, вистхилийтар доьху, ло санна кlайн маж а йолуш волчу, воккхачу стага.

— Адамаш! — олу цо. — Доккхачу юьхьIаьржонан гIуллакх ду вай тахана къасто кхиэле диллинарг. Амма кхин а йоккха юьхьIаьржо тIейогIур ю вайна, нагахь санна вай вешан кхиэл кхочушъяхь. Ойла ел аш, адамаш, цхьана хIуманан. Кху эвлахь цхьаъ бен вац аьчгапхьар. Нагахь санна иза эвлах ваьккхича, хьан дийр ду говрана тоха лан, гIудалкхана сема, йол хьакха мангал?

— Иштта-м дера дара иза, — къамелана юкъагIоьртина кхин цхьа воккха стаг. — Амма курхалла дарна таIзар ца деш иза витича лулахоша хIун эр ду вайна? Ворхlе а дайшкахь дуьйна уггаре доккха сакхт ларалуш ма ду къола дар.

— Адамаш! — шен къамел юха а дIадолийна тохарлеррачу воккхачу стага. — Нийса

ду — таІзар дан деза. Цундела суна иштта бакъахьа хета: вайн эвлахь вехаш ву шиъ куьпчи. Шуна ма-хаъара, и шиъ вовшашца тарлуш а вац, я вай тІедехьна гІуллакх, вовшашна тІе а тийжош, ма-аьлла кхочушдеш а вац. Аьрзонан беннал бен йоцчу вайн эвлана цхьа куьпчи сов а волуш тоьуш ву. Аьчгапхьеро шен говзаллина кхин стаг Іамаваллац, шина куьпчичух цхьаъ эвлах ваккха веза вай. И дарца шиъ пхьагал лоцу вай: цхьана куьпчичух мукъа а довлу, аьчгапхьар а вайна вуьсу.

Цо аьллачунна тІе а тайна, аьчгапхьеран меттана, куьнчичунна таІзар дан сацам бина боху цара.

Суна ца хаьа и жимма забаре а, жимма синтаттаме а долу хабар халкъо ша кхоьллина, я боккъала хилла гІуллакх ду. Амма цхьаъ ду кхеташ: боккъала болу говзанчаш массо хеиахь а оьшуш хилла.

— ХІор денна бохург санна, иштта кхузахь хуьлу со, — воккхавер а ца лечкъош дуьйцура Вахас тхо Аьккхин дукъа тІе а девлла, машинара охьадиссина, кІен-арин хьаьттан йистехула меллаша гІаш дІаоьхуш. — Амма, тахана санна, хьалххе ван а веана, латта буьйсанан набарх самадолуш тергалдарал безамехь хІумма ца карийна суна. Тидам бел ахь,—хІинца ерриге соьналла тхилахь ю. Ткъа схьаеттало йовхо хаалой хьуна? ХІан-хІа, малх гучубала хІинца а хьалхе ду. Ткъа и йовхо мичхьара яьлла? Лаьтто доьІучу сица ю иза. Кхетий хьо? Лаьтто а ма доьІу са, адамаша санна. Иштта ца хилча муха хир дара? Кху лаьттахь хІумма кхуьур а яцар-кха. Иза а дийна ма ду. Къаьсттана дикахо хаало иза буьйсанна догІа а деана, йоькхане Іуьйре тІейогІучу хенахь.

Оза, лекхачу дегIахь, Iаьржочу аматахь, екхаелла юьхь йолуш волчу Вахигахь товш дара и дешнаш. Суна лаьара иза юкъах а ца вокхуш, цуьнга ладоьгIуш Iен. Цо деш долу къамел — иза бегашийна а доцуш, боккъала лаьтте деган кIоргехь боккха безам болчу стеган къамел дара. Суна цуьнга ладегIа лаьара, хIунда аьлча Вахина суна ца гург а гора, суна ца хуург а хаьара. Кхачаме дац лаьмнашкахь вахарх со ламанхо ву бахар. Кхачаме дац юьртахь вахарх латталелорхо ву бахар. Нагахь стаг лаьмнийн некхах векхаш кхиънехь, цунна уьш, хьомсара нана санна, деза диэза, дезарал сов — лаьмнийн аьрха амал йовза еза, кхузахь хIор сокхамкх, хIор тIулг, хIор маргIала буц гергара а, хьоме а хилла дIахIотта еза. Иштта лаьттан чам а бовза беза юьртахочунна. Вахина лаьмнийн гIиллакхаш а девзара, лаьттан чам муха бу а хаьара.

— Суна дагадогIу, — кхин дIа а дуьйцура Вахас, — тхан дас олура: кху лаьтта тIехь гирда хьаьжкIаш кхио гIерташ кхо гирда хьацар доккхура шаьш. И хан хIунда хьехайо — хIинц-хIинццалц а дар-кха иштта. Цунна-м шен бахьана хила а тарлора. Амма шаьш дIалуш долчу къинан бахьана царна кхечуьнгахь гора. Цара олура: «Цхьа зама йогIур ю лаьттана адаман мотт Iемаш. ТIаккха цуьнца дийца атта хир ду, — Ваха велакъежира. — Суна схьахетарехь, хIинца Iемина-кх лаьттана вайн мотт.

— Адамаша Iамийна-кх, — Iе а ца велла, къамелана юкъаиккхира со.

— ХIаъаний, и бохий ас-м. Амма дицдан ца деза латта чIогIа корматалла йолуш хилар. Иштта ца хилча цунна хуур дарий шега дуьйцург? Я алал, иштта сиха Iемар барий цунна, вайн дайша ма-аллара, адамийн мотт? Бацара. Дера бацара.

Жимма дехьа а волий, Вахас доккху хIинца кан тIелато гIерташ долу кIен хелаг. ТIаккха, соьгахьа схьа а воьрзий, иза а гойтуш, цо боху:

— Хьажал цкъа, хIинца йохъяла гIерташ ю вайна. БIаьсте, даима санна, тIаьхьа яхана кху шарахь а. Ткъа хIара хелаг, къар ца луш, кан таса сихделла. Цунна ницкъ мичара баьлла аьлла хета хьуна? Лаьтто IаIийна-кх. Хенан хIоттаман хIуьттаренаш цунна дикахо ма евза. Цундела цо хьалххехь гIайгIа бина.

— Латта а, хенан хIоттам а цхьана хенара нийсархой ма бу, — бегашна дуьхьал бегаш бо ас. — Вовшийн амалш евза хан а ю церан.

Тхо ший а велавелира.

Юьрта чу дахка тхо новкъа довлуш, ламанан дукъа тIехула хьала а къедда, шен дашо зIаьнарш яжа лохкуш боллура малх. ХIинца къаьсттана хазъеллера Iуьйре. Дашо гIели диллина хетадолуьйтуш кхелинера малхо гонах долу жил-Iалам.

Тхуна дуьхьала а бетталуш, балха оьхуш бара латталелорхой. Кхин а цхьа къинхьегаман керла де дара цара дIадолош дерг. Ткъа цара вовшашка еш йолчу забаршка ладоьгIча, екхаелла, самукъанечу ирсах лепачу яххьашка хьаьжча, цхьамма а эр дацара царна хьалхалаьтташ дерг — иза цара шайн хьацарца кхала дезаш, белхан хьуьнаршца билгалдаккха дезаш долу къинхьегаман де ду, аьлла. Со кхетара: сиха мур бара карахь берг.

Вуьшта, сиха мур даима бу церан — бIаь-

стенан юьхьехь дуьйна гуьйренан тІаьххьарчу деношна тІекхаччалц.

Уьш, малхо кхерзина яххьаш а, балхо берчаш яьхна куьйгаш а долу адамаш, суна гергара а, хьоме а хилла дІахІиттина. Цаьрца долу хІор цхьаьнакхетар — сан дагна боккха там беш, сан дахарехь ша тайпанчу маьІне хуьлий дІахІутту.

Сан самукъадолу цара лаьттан хьокъехь къамелаш деш. Сан самукъадолу цаьрца ламанан юьртахь суьйренаш а, Іуьйренаш а тергалъеш. Сан самукъадолу цаьрца, царна юкъахь.

Церан Іодика а йой, гІалитІа цІа ван новкъа мосазза волу, ас ойла йора: яздан деза оцу адамех лаьцна. Дийца деза ламанхочун-ахархочун боданечу дІадахначун а, ирсечу тахнанан а хьокъехь Яьссин йистехь хезна дийцар.

ДЕЗДЕ ДЕАНА ЮЬРТА

ГІиллакх ду сан махкахь ишта
(БІешерашкахь и дІакхоьхьу):
Дика деъча — иллеш дицдац,
Вон — массара цхьаьна доькъу.

БІаьсте ян жимма хьеелла хиллехь а, амма тІаьххьарлерачу кІиранах хаза даьхкинчу деноша самадаькхинера Іалам. БІаьргашна а гуш, сенделла дІахІоьттинера дуьне.

Йочанаша жимма сагатдина адамаш хІинца самукъане а, декхаделла а дара. ХІуъа аьлча а бІаьсте хила ма еза, шеран хІор хан-зама санна, шен башхалла а йолуш. Ткъа бІаьстенан башхалла юьртан къинхьегамхошна дика ма евза, хІунда аьлча царна шера хаьа вай хьешана хьалха дуьллуш долу скаллий, бепиггий юьртахь бен ца кхуьий, цуьнан юьхьиг бІаьста гучуйолий. Ткъа ламанхоша доллучул деза а, сийлахь а лоруш дерг хІун ду? Керта вогІу хьаша а, цІен тІера бепиг а ду-кх! Оцу шина беркатах хадахь декъазчарах декъаза ву стаг. Хьаша ца вогІу хІусам — дийна каш ду, олу вайнехан кицано. Сан дог хьешан ду, ткъа куьйгаш — лаьттан. Иштта а олуш ду вайнаха. Уьш боьлла лаьттах. Царна дика бевза лаьттан берриге лазамаш, хаьа цунна шайн аьхна куьг, безам, дегайовхо оьший.

Лаьтто а шен беркат кховдадац дорах,
Ахьа ша хьастаре терра бен, къонах.

Иза иштта ду. Цунах уьш кхета. Цундела ца ра лаьттана дІало шайн берриге ницкъаш.

Селхана сарахьо кхаьчна со юьрта. ХІинцал дуккхачу нахаца цхьаьнакхета а, къамелаш хеттарш дан а кхиъна со. Ткъа кхуза вара шен бахьана а дара.

...ЦІеххьана бекначу телефонан горгалис ла рамаза балхана юкъахваькккхира со. «Мила ву-техьа иштта тІаьхьа со эшнарг?» — аьлла дага а тосуш, телефона тІе куьг даьхьира ас

— Со ладугІуш ву-кх.

Телефонисткас сан номер хаьттира. ЗІе ний са дІатасаелла юйла хиъча:

— ХІинца Ножин-Юьртаца къамел дийр ду ахь. ЛадугІуш хилалахь, — схьахьедира соьга

— Алло.

Суна аз девзира. Телефон етташ верг колхозан председатель Эльсункаев Ваха вара. Суна хаьара цхьа доккха бахьана ца даьлча цо иштта тІаьхьа гІала зІе тухург цахилар. Цундела, вовшашка маршалла хаьттинчул тІаьхьа, сатоха а ца делла, ас дийхира хилларг схьадийцар.

— Вониг хІумма а ца хилла. Вуьшта, кхаънехь новкъа вала кечло. Дохко вер вац хьо.

— Бахьана хІун ду ала тарлур дарий?

— Дезде деана юьрта. Хьайн кехаташ цкъачунна юьстах а дахкий, схьаван кечло хьо. Кхана ца вагІахь тІаьхьа вуьсур ву хьо.

— Ас декъал до шу!

ШолгІачу Іуьйранна со новкъа велира.

Дезде боккъала дара шериповцашка кхаьчнарг. УьссалгІачу пхеашеран халкъбахаман планаш кхиамца кхочушъярехьа яьржинчу Еригсоюзни социалистически йохьаллехь лакхарчу кхиамашка кхачарна Шерипов Аслан-

бекан цІарахчу колхозана Даймахко лаккхара совгІаташ динера — КПСС-н ЦК-н, СССР-н Министрийн Советан, ВЦСПС-н, ВЛКСМ-н ЦК-н кар-кара луш йолу ЦІен Байракх а, КПСС-н ЦК-н, СССР-н Министрийн Советан, ВЦСПС-н, ВЛКСМ-н ЦК-н Дагалацаман знак а еллера цунна. Иза бахаман берриге а къинхьегамхоша шаьш шайн ца кхоош, йоккхачу кигараллица бинчу белхан тІаьхье яра. Оцу совгІаташна хьакъ а бара иштгачу боккхачу голаме уьш кхачийна церан къинхьегам.

Амма селхана, схьа ма-кхеччинехь, колхозан конторе ца вахара со, я председательна тІекхаца а ца гІоьртира. Суна хаьара иза а, правлении берриге членаш а чІогІа сиха хир буйла. Цундела ас сацам бира цаьрца цхьаьнакхетар шолгІачу дийне татта. Цуьнан бахьанаш кхин а дара: цкъа-делахь, сан сайн гІуллакхаш а дара кхузахь шаьш чекхдахаре хьоьжуш лаьтташ, шолгІа-делахь, кхана дІалуш дара и совгІаташ а...

...Іуьйранна бархІ сахьт а далале ГІалитіа юьртан культуран ЦІийне гуллуш дара адамаш. Кхуза схьаоьхуш яра транспаранташца кечйина машинаш. Царна тІехь бара Мескитара, СогунтІара, Бетти-Махкара бахархой.

Культуран ЦІийнехь хедаш яцара репродуктора чухула лоькху эшарш. Уьш екара тайптайпанчу меттанашкахь.

ХІинцца схьакхечи Ножин-Юьртан районан культуран ЦІийнан эшарийн, хелхарийн халкъан ансамблан коллектив. Автобуса тІера артисташ охьабиссарца, царех цхьамма вота туьйхира, вукхо ловзадехира пондаран пиллигаш. Гонна юкъаделира йоІІий, кІанттий. ДІадоладелира вайнехан хІайттъаьлла хелхар.

Ткъа адамаш тІеттІа тІегуллуш дара. ДІгахь а, кхузахь а хезара вовшашка хоьтту машаллаш. Мар-мара а лелхаш, вовшийн даггара декъалбора цара. Иштта хила а ма догІуриза — дезде массеран юкъара дара, хІоранна дакъа дара толамна юкъахь.

...Билгалйинчу хенахь дІайолаелира торжественни собрани. Президиумехь бу КПСС-Нохч-ГІалгІайн обкоман хьалхара секретар накъост А. В. Власов а, партин Ножин-Юьртарайкоман бюрон, колхозан правленин членаш хьалхелелорхой, кхечу колхозашкара, луларч ДегІастанара баьхкина хьеший. Адамех юьзнаю зал а.

Трибуни тІехь ву КПСС-н Нохч-ГІалгІайн обкоман хьалхара секретарь, КПСС-н XXV-чу съездан делегат Александр Владимирович Власов. Колхозникаш уьссалгІачу пхеашарах баьхначу лаккхарчу кхнамашца декъалбинчу. тІаьхьа, цо элира:

— Районехь а, республикехь а шух дозалли ца шериповцаш олу. Аш шайн хьуьнареч кънинхьегамца гайтина нохчийн сийлахьчу кІентан Шерипов Асланбекан цІе лело хьакъ хилар. Кхин дІа йолчу хенахь а иштта хилалаш цкъа а ма дайалаш оцу цІеран сий.

Гулбеллачара зал къскъош тІараш туьйхира. ХІоранна боккха кхаъ бара иштта довхадешнаш шайх лаьцна алар.

Шен къамел дерзош накъост А. В. Власов элира:

— Аша диичу гІуллакхашка, шуи кънинхьегаман тІаьхьенашка хьаьжча даг чохь воккха вер кхоллало, шух долчу дозаллах дузу иза. Колхозо хенал дикка хьалха кхочушйина юьртабахаман сурсаташ дахаран а, царна заготовкаш яран а пхеашеран планаш. Со делегат хиллачу КПСС-н XXV-чу съездо шен болх дІахьочу деношкахь вайн мехкан столицехь — Москва гІалахь ВДНХ-хь дІахІоттийначу Сийлаллин Уьн тІе шун колхозан цІе дІаязъяран хьокъехь боккха кхаъ кхечира шуьга а, иштта республикан берриге къинхьегамхошка а. Шун къинхьегаман кхнамаш лакхара хиларан тоьшалла ду иза а, тахана ас деана Даймехкан лаккхара совгІаташ а.

Латталелоран культура лакхаяккхарца цхьаьна, колхозникаша диц ца до даьхнилелорехула деш долу гІуллакхаш а. УьссалгІачу пхеашеран планал тІаххьарчу шарахь а, иштта дуьззинчу пхеашеран муьрехь а пачхьалкхана дохнан сурсаташший, томкий, ялтий дохкаран планаш а, социалистически тІелацамаш а тІехкхочушбаре кхаьчна колхозникаш. Цул сов, хІокху уьтталгІачу пхеашеран планан хьалхарчу шеран декхарш кхнамца кхочушдарехьа болу къийсам а дика вовшахтоьхна бахамехь. Масала, пачхьалкхана жижиг дохкаран шеран план хьалхарчу кварталехь кхочушйина. Дукха а колхозникаш 1974-чу шарахь дуьйна уьтталгІачу пхеашеран чоьтах болх беш бу.

Шайн хьаналчу гІуллакхашца колхозехь а, районехь а хьовха, республикехь а гІарабевлла Ленинан орденлелорхо Мудушев Сайд-Селам, республикан Лакхарчу Советан депутат, Къинхьегаман ЦІечу Байракхан орденлелорхо Илманова Малика, Къинхьегаман ЦІечу Байракхан орденлелорхо Синиев Iилман; Баймурадов Ахьмада, Успаев Iелас куьйгалла дан томкалелорхойн бригадаш, механизаторш Дадашов Гилани, Габатаев Хьасайн, даьхнилелорхой Геримсултанов Джунайд, Габатаева

Майса. Гебертаев Вахарсолта, иштта дуккха кхиберш а. ЦIераш кхин а яхан тарлур дара, хIунда аьлча, тоьллачийн могIарехь бийца хьакъ берш дуккха а хиларна.

Ткъа хIинца бакъо ло суна правительственни механа совгIаташ дIадала.

Зала чохь детташ чIоггIа тIараш а долуш, накъост Власовс колхозан правленин председателе В. Эльсункаевга дIало КПСС-н ЦК-н, СССР-н Министрийн Советан, ВЦСПС-н, ВЛКСМ-н ЦК-н кар-кара луш йолу ЦIен Байракх а, Дагалецаман знак а.

Жоп луш, къамел до колхозан председателе Эльсункаев Вахас.

Берриге а къинхьегамхойн цIарах цо даггара баркалла элира хьомечу Коммунистически партина а, советски правительствона а ламанан колхозан къинхьегамхойн белхан иштта лакхара мах хадорна. Цо дIахьедира уьссалгIачу пхеашарахь колхозникаша баьхна кхиамаш — тIаьххьарлера доза цахилар. КПСС-н XXV-чу съездан сацамашца билгалдина СССР-н халкъан бахам кхиоран декхарш кхиамца кхочушдарехьа болчу къийсамна шайн ницкъаш, хьуьнарш ца кхоо колхозникаш кийча хиларх тешийра цо КПСС-н Нохч-ГIалгIайн обком а, партин Ножин-Юьртан райком а, райисполком а.

Оха тIелацам бо, кхин дIа а элира председателе, пачхьалкхана юьртабахаман сурсаташ дохкаран уьтталгIачу пхеашеран план деа шарахь кхочушъян. Аренашлелочу бригадан куьйгалхочун Ленинан орденлелорхочун Мудушев Сайд-Селаман дIадолорца бина тIелацам бу иза. Пхеашеран планаца пачхьалкхана дIадохка билгалдинарг — жижиг — 300 тонна, томка — 1950 тонна, кIа — 1000 тонна долуш, деа шарахь оха духкур ду: жижиг — 310 тонна, томка — 2000 тонна, кIа — 1100 тонна.

Шериповцийн гIиллакх хилла дIахIоьттина йохьаллехь, къийсамехь тIаьхьа ца сецаш, даима толамаш бахар. Цунна къеггина тоьшалла ду социалистически йохьаллехь толамаш бахарца доьзна колхозана тахана елларг йоьалгIа байракх хилар. Вайна диц ца делла борхIалгIачу пхеашарахь а Ерригсоюзни социалистически йохьаллехь хьалхара меттиг яккхарна КПСС-н ЦК-н, СССР-н Министрийн Советан, ВЦСПС-н, ВЛКСМ-н ЦК-н кар-кара луш йолу ЦIен Байракх а, КПСС-н ЦК-н, СССР-н Министрийн Советан, ВЦСПС-н, ВЛКСМ-н ЦК-н Юбилейни знак а колхозана ялар торжественни хьолехь даздар.

Цул тIаьхьа, цхьаъ вукхо хуьйцуш, трибуни тIера къамелаш дира бахаман хьалхелелорхоша, партийний, комсомольский организацийн векалша, хьешаша.

Торжественни собранин дакъалацархоша цхьабарт болуш тIейийцира Советски Союзан Коммунистически партин Центральни Комитете а, КПСС-н ЦК-н Генеральни секретаре накъост Леонид Ильич Брежневга а долу маршаллин кехат.

КПСС-н Центральни Комитет а, цуьнан Политбюро а, КПСС-н ЦК-н Генеральни секретарь накъост Л. И. Брежнев а бахаман къинхьегамхоша тешийра партин XXV-чу съездан исторически сацамаш дахарехь кхочушбарна юкъа шаьш хьокъала йоллу хазна юьллург хиларх.

Собрани чекхъяьллачул тIаьхьа а бехха

ЦЕНТРАЛЬНАЯ
БЕЛЛЕТРИСТИКА

Iийра къинхьегамхой дIа ца бухуш. Дезде чекхдаьлла дацара.

Ткъа председательна Эльсункаев Вахина гобинера журналисташа. Цо царна елира интервью.

«Тхо кханенга хьуьйсу»

— Бахамна кар-кара луш йолу ЦIен Байракх а, Дагалацаман знак а ялар, кхеташ махиллара, боккха кхаъ хиларца тIелаьцна аш. БорхIалгIачу пхеашарахь а иштта лакхара совгIаташ динера шун колхозана. Цунах лаьцна хIун эр дара ахь?

Эльсункаев: Боккха кхаъ хиларал сов, вайн хьоме Даймохк кхидIа а кхиаран гIуллакхана юкъа керла хазна йилла болчу лаамах колхозникийн дегнаш дузош а совгIаташ ду уьш. Хьомечу Коммунистически партис а, советски правительствос а тхан къинхьегаман иштта лакхара мах хадоро тхоьгара лоьху кхин а йоккхачу жигараллица, эвсараллица къахьегар, колхозни производство санехь хилийтарехьа тIетаьIина къийсам латтор. И къийсам кхиамца дIабахьалур бац, нагахь санна керла тIаьхьалонаш гучу а яьхна, царех кхоччуш пайда ца эцча. ДуьххьалдIа аьлча, тхо-м хIинца а боккъала болчу кхиамашка кхаьчна а дац. Оцу тIехь доккха маьIна лело декхарийлахь ю специализаци.

Ткъа тхан планаш — оха хIинцале дичунна тIетевжина ю. Олуш ма ду: бух ца боьттича цIенош хьаладотталур дац. Цундела таханлера тхан кхиамаш — уьш хинболчу кхиамийн бух хиларе терра тIелоцу оха.

КПСС-н XXV-чу съездо Iаламат даккхий а, жоьпаллин а декхарш хIиттийна юьртан бахаман къинхьегамхошна хьалха. Уьш уггар хьалха шайх хьакхалуш хиларе терра, бахаман къинхьегамхоша планашка а, социалистически тIелацамашка а юха а хьаьвсина, керла дозанаш билгалдина.

Колхозникаша боккхачу лаамца Iамайо съездан материалаш. Агитаторша а, политинформаторша а доккха гIо до царна оцу исторически документийн чулацамах кIорггера кхета. Съездо хьалхахIиттийна декхарш — уьш тхан декхараш а ду, уьш кхочушдарехьа оха тIетаьIина къийсам а латтабо. Хьалха оха IаIийначу зеделлачо боккха аьтту бо цу тIехь.

— Дийцахьа, партийни организаци куьйгаллица, къинхьегаман эвсаралла лакхаяккхаран тIаьхьалонаш муха лийхира колхозникаша?

Эльсункаев: Лаккхара партийни школа заочно чекхъяьккхина волу Умаров Хасболат коьртехь волу тхан партийни организаци а, цуьнан коммунисташ а бахамехь долчу дерриге а дикачу гIуллакхийн дIадолорхой бу. Церан къинхьегам — масал хуьлий дIахIутту массарна а. Нагахь санна оцу лехамех дерг аьлча — уьш Iаламат хала бара. 1957-чу шарахь юха вовшахтоьхна йолу тхан колхоз кхузткъалгIачу шерашкахь районехь а, республикехь а уггаре а тIаьхьаюьсучех цхьаъ яра. ТIетоха деза дерриге а дакъошкахула, аьлла. Иштта, масала, 1963-чу шарахь бахамо йоьхкинчу продукцех хилла пайда 84 эзар сом бен бацара, ткъа колхозана хилла зен — 15 эзар сом дара. Цунна бахьанаш а шортта дара.

Оха юьйш-лелош йолу культураш тхан ламанан хьелашкахь Iаламат ледара хьекъара.

— ХIун тайпа культураш яра уьш?

Э л ь с у н к а е в: Коьрта долчу декъана хьаьжкIаш, хмель, нораш, саьрмсекхаш. Цу. сов, зене хилар гучуделира машанан даьхни кхабар юкъадалор а. Кхеташ дара, тхан бахаман хьелаш царна мегаш цахилар. Со хIетахь коьртачу агрономан болх беш вара.

Цкъа сан тидам тIебахара юьртабахаман журнала тIехь зорбатоьхначу цхьана статьяна. Иза томка лелоран хьокъехь яра. Тхайчаьрца догIуш долчу Iаламан хьелашкахь и культура хьийкъина а кхуьура, алсам пайда тIе а бохьура цо. Колхозан председательца а, говзанчашца а дагавелира со. Цул тIаьхьа и гIуллакх дийцаре дира оха правленин заседанехь.

Дуьххьара оха томка дIадийра 1966-чу шарахь. Амма, бакъду, тхан дегайовхо кхочуш ца хилира. Гектара тIера пхи центнер гергга бен томкин декъа гIа ца гулдира оха. Делахь а, оцу лахарчу гайтамо а тхо дохко ца дехира. Тхуна тхайна а хаьара зеделларг доций а, Iилманца гIуллакхна тIе доьлхуш доций а. Уггаре а коьртанниг кхин дара — тхан зиэрашна тIе тидам бахийтира республикан юьртан бахаман министерствос. Дукха хан ялале говзанчаша тхуна гIо дира ламанан хьелашкахь керла культура лелоран хьокъехь магадарш хIиттош-кечдан. Оцу магадарийн буха тIехь оха масех томкалелорхо кечвира. Царна юкъахь яра Солтгериева Зарабат, Цоккуева Хьавани, Бердукаева Хьасраъ, кхиберш а. ТIаьхьо, томкалелорехь лаккхарчу кхнамашка кхачарна, царна совгIаташ дира «Знак Почета» орденца.

1967-чу шарахь оха 19 гектара тIехь дIадийра томка. Цуьнан хьекъар тхо даккхийдедеш а, гIалат девлла цахиларх тешош а хилира. ХIинца колхозан кассехь шен ахча а дара. Банко дуьххьалдIа кредит яла йолийра.

Иштта хIор шарахь томка лело майданаш алсамйохуш схьадогIуш ду тхо. Цуьнца цхьаьна тIеттIа лакхадолу томкин хьекъар а. Къаьсттана лакхарчу кхиамашка кхечира тхо 1974-чу шарахь. ХIор гектара тIера юккъерчу хьесапехь, оха 30,4 центнер томкин декъа гIа чу дерзийра. Ткъа цунах хиллачу пайданан терахь — 994 соьме дIакхаьчна. Уьссалгlачу пхеашеран дерзоран шарахь йокъа хилар бахьанехь томкин хьекъар ледара хиллехь а, амма алсам кхиийнера кхоалгIачу сирлачу сортах долу томка. Оцо цхьа миллион сом сов пайда тIебеара колхозана.

Къаьсттана тхо даккхийдедира ВЛКСМ-н XVII-чу съездан делегата Къинхьегаман ЦIечу Байракхан орденлелорхочо Илманова Маликас куьйгалла дечу комсомольско-кегийрхойн звенос. Шена тIечIагIйиччу хIор гектара тIера цо чудерзийра 42 центнер томкин декъа гIа. 36 центнер чудерзийра Байсалуев коьртехь волчу томкалелорхойн звенос. И гайтамаш лакхара хилар гур ду вайна хIокху масалца: мехкан зеран дакъошна тIехь 28—30 центнер бен ца гулдо томка.

Уьтталгlачу пхеашеран хьалхарчу шарахь 140 гектар латта дIаделла оха томкина. Ткъа пхишо чекхдолуш 200 гектаре кхаччалц алсамйохур ю оха и культура юьйш-лелон майданаш. Оцу декъехь дан билгалдина дуккха а ду. Тхо дагахь ду звеньевой кепара томка лелорна тIедовла. Оха дуккха а зеделларг Iаийна

Молдаверчу цхьана колхозан томкалелорхошкара. Цара и кен юкъа а ялийна, хIинца цера цхьана томкалелорхочунна кхочу 1,5 гектар майда, ткъа тхан бахамехь — 0,30 гектар. Оцу терахьашна юкъара башхалла шерра гуш ю. Цул сов, шех дIаболуш болу мах меттахIоттор а 75 процентана лакхара ду Молдаверчу томкалелорхойн. Кхин а цхьа дика агIо а ю звеньевой кепара томка лелоран: дуьззинчу шарахь балхана юкъахь хуьлу хIор томкалелорхо, ткъ шен-шена тIечIагIийинчу участкашна тIехь культура лелош — шовзткъа дийнахь бен балхана юкъахь ца хуьлу.

— Схьахетарехь, хIинца аша шайн зеделларг а IаIийна хир ду-кх и мехала культура лелорехь?

Эльсункаев: IаIийна дера-кх. Юьхьан ца оха «Остролист-450» сорт томкин хIу да ра дуьйш-лелош. Ала деза, цуьнан хьекъар ледара цахилар. Амма цкъа оха дийтира «Переможец-83» хIу, аьлча а, гIалат а даьлла дийтинера тхуна иза (оха доьхуш дерг кхин дара). Леррина йолчу литературехула тхуна хууш дара и хIу атта цомгуш хуьлуш хилар, лаккхара хьийкъина кхуьуш доллушехь. Оцу гIуллакхо тхан шеко кхоллаялийтира. Делахь а цхьана кIеззигчу майданахь дIа а дийна, зен дагахь хилира тхо. Массо а цецвоккхуш, дагахь а доцчу кепара, хьийкъина кхнира иза. ХIетахь дуьйна оха дуьйш-лелош ду «Переможец-83» томкин хIу.

— Муха дIахьо аш томкалелорехь беш болу белхаш? Шайн къайле-м яц шун?

Эльсункаев: Цхьа а тайпа къайле яц. ГIуллакхаш цхьанаэшшарехь до. Томка дIадеш охана гуьйранна до, гектарана леринчу хьесапехь шишша центнер суперфосфат а тосуш. 15-гIа февраль кхачале бнотопливо — кхеллий тосуш парникаш кечйо, ткъа 25-чу февралехь царна чу хIу дIадоь. 20-чу апрелана тIекхочуш хьалха хуьлуш йолу зIийдигаш кхуьу. IIарникашна чохь оха латтайо оьшуш йоллу температура: 20—25 градус йовхо. Асаран бецех пергIатйоху зIийдигаш. 20-гIа май кхачале чекхдоккху аренашка зIийдигаш дIайогIар. ЗIийдигаш кхиа а, дегI даккха а юьйлаеллачу хенахь, аммиачни селитра а тосуш, мосуьйттаза куьйга асар доккху. Июль беттан шолгIачу эхехь дуьххьара гIа даккха доладо. Иза пхоьазза доккху. Амма коьрта ду хьийкъина кхиъна гIа бен ца даккхар. TIаккха, IиндагIехь дакъочу хенахь, иза лаккхара дикалла йолуш хуьлу. Цул сов, ОВТ-1 тракторни опрыскивательца ценеб а, бордови жидкость а туху оха томкина.

— Томка доцург кхин муьлха культураш кхиайо аш?

Эльсункаев: Ялта. Эрна олуш ма дац, доллучун корта — ялта ду. Ала деза, пачхьалкхана иза дохкарехула йолу уьссалгIачу пхеашеран план оха кхочушйинехь а, цуьнан кхнар а, хьекъар а хIинца цкъачунна ледара ду. Цундела оха коьрта тидам тIебохуьйту кIа, хьаьжкIаш, мукх лелорна. Агротехнически тоьлашха йолчу хенашкахь дика кечдинчу лаьтта тIехь дIадийна оха гуьйренан ялташ. Цара дIалаьцна 877 гектар майда. Ялтано дика Iа а даькхина. ХIор гектара тIера 25 центнерал лахара доцуш кIа чудерзо таро хир ю аьлла а хета суна.

ХьаьжкIашна лерина ю тхан ши бIе гектар майда. Участкаш звеношна тIе а чIагIйина.

Царна коьртехь бу зеделларг долу хьаьжкIаш-
лелорхой Мачиева Зараъ, Саипова Исамат.
1975-чу шарахь цара хIор гектара тIера 37
центнер буьртигахь хьаьжкIаш чуерзийра. Иза
тхан хьелашкахь лаккхара кхиам бу.

Иштта коьрта тидам тIебохуьйту оха бош
машлелорна а. 37 гектар дIалальцна долу
Iежийн дитташ стоьмаш тIелатош ду. Цул
сов, 70 гектара тIехь дIадийна къона синтарш
а. УьтталгIачу пхеашарахь 200 гектаре дIакха-
чор ю оха ерриге бошмаш. Цара а бахамна
дикка пайда тIебан декхар ду.

Оцу кеппара кхуьур ду колхозехь латтале-
лор.

Къаьсттана болу тидам тIебохуьйту оха жи-
жигана даьхний лелорна а. ХIинца колхозехь
ду 1070 бежана. Пачхьалкхана жижиг дохка-
ран уьссалгIачу пхеашеран план оха кхочуш-
йира 110 процентана. Ас хьалха ма-аллара,
кхочушйина уьтталгIачу пхеашеран хьалхарчу
шеран план а. Амма дохнан сурсатех шайх дIа-
болуш болу мах хIинца а лаккхара бу. Цундела
иза лахбар ю тхан коьрта Iалашо. Муха кхача
дагахь ду тхо цуьнга? Оха кхобур бу швицки
хIух болу 450 етт. Царна тIаьхьа хIор шарахь
кхиор ду 350—370 эса. Ялх баттахь кхаьбна-
чул тIаьхьа даьхни дусторан колхозийн юкъар-
чу комплексе дусто дIалур ду уьш. И тайпа
комплекс дукха хан йоццуш кхоьллина райо-
нехь.

**— Ткъа бахаман гIоьналлин предприя-
тех лаьцна хIун эр дара ахьа?**

Эльсункаев: ГIоьналлин предприя-
тешна юкъахь хьалха дийца деза колхозан
консервни заводах лаьцна. Масех шо хьалха
ян йолийра иза. Ткъа 1975-чу шарахь болх бан
йолаелира хьалхара цех — мутт доккхург. Ер-
риге ерг кхо цех ю заводехь — консервни, ли-
монадни, ас хIинцца аьлла мутт доккху а. И за-
вод яран шен бахьана а дара.

Хууш ма-хиллара, кхечу ламанан ярташкахь
санна, кхузарчу бахархойн шайн долахь йолчу
бошмашкахь бу алссам тайп-тайпана стоьмаш,
иштта колхозан дозанна тIехь а кхуьуш ду
дуккха стоьмаш тIелатош долу дитташ а, ора-
маташ а. ХIора шарахь а и беркат, цхьамма
шех пайда а ца оьцуш, хIаллакьхуьлура. Тху-
на лиира иза къинхьегамхойн хьаште хьовзо.
Иштта кхоллабелира тхан колхозехь завод ян
сацам. Цул сов, тхо тешна дара завод еш хил-
ла харжаш масех шарахь метта хIуьттург хи-
ларх. Цу тIехь тхо гIалат девлла ца хиллера.
ХIинцале заводо бахамна тIебеанчу цIеначу
пайдин барам 200 эзар соьмс дIакхаьчна.

ДоггIачуьра аьлча, колхозехь и тайпа гIоь-
наллин предприятеш яхкаран кхин цхьа агIо а
ю. Уьш бахьанехь юьртахь кхоллало белхалойн
класс. Масала, бахамерчу берриге къинхье-
гамхойх 18 процент промышленни белхалойн
говзаллаш йолуш бу. БIаьстенан-аьхкенан
муьрехь заводехь къахьоьгу 200 гергга
стага. Болх кхаа сменехь вовшахтоьхна
дIахьо.

Заводах лаьцна дуьйцуш хилча, суна цIераш
яха лаьа белхалойн Шайхиев Салвадин, Джан-
суева Йиситин, Дадарова Йошин, Арсбиева
Курсанин, Нагаева Хьасраан. Уьш къона бел-
халой бу, амма дикачу агIор бовзийти-
на цара шаьш. Церан хьехамчаш хилла, кегий-
чу нахана шайна зеделларг комаьршша дIало
мастера Ахматов Насухас а, механика Мажа-
тов Висадис, кхечара. Грозный гIаларчу а,

ишта кхечу гIаланашкарчу а заводашка практике хьийсабо оха меттигера йоIарий а, кIентий а.

Цул сов, оха йина 2500 нана-пхьагалиа лерина йолу комплекс. Пхьагалш кхабаро колхоза на шарахь 20—30 эзар сом пайда тIебохьур бу. Пхьагалшлелорхой-говзанчаш оха кечбина ГIебартойн-Балкарерчу «Майский» зверосовхозехь шина беттан курсашкахь. Уьш бу Янсуков Леча, Эскиев Хьамзат. Шиннан а лерина юккъера образовани ю. Шайн гIуллакх царна дика а девза. Иштта, цара куьйгалла а дешь оха кечбеш бу тхайн комплексехь а пхьагалшлелорхой. И говзалла дика кара а ерзийна, комплексехь белхаш беш бу Абуезидова Буку, Дадашова Ламса, Хизриева Марьям, Хадишова Тумиша, кхиберш а.

— Схьахетарехь, дерриге бахамаллин гIуллакхаш агитационно-массови белхашца тIечIагIдеш ду-кх аш?

Эльсункаев: Бахаман къинхьегамхоша жигара дакъалоцу Ерригсоюзни а, Ерриг-российски а, иштта районни а социалистически йохьаллашкахь. Оцу йохьаллашкахь уьш билгалчу кхиамашка а кхочу. Тхоьгахь ю РСФСР-н юьртан бахаман министерствон, юьртан бахаман а, заготовкаш яран а белхалойн а, гIуллакххойн а профсоюзан ЦК-н ЦIен байракх; даьхнилелорехь кхиамаш бахарна елла партин Ножин-Юьртан райкоман, райисполкоман кар-кара луш йолу ЦIен байракх. ХIинца, гуш ма-хиллара, хIара совгIаташ а царна тIекхетта. Царех лаьцна дуьйцу шайн беседашкахь агитаторша, политинформаторша. ГIо до социалистически йохьалла вовшахтоха. Вовшашца йохьалла лелайо бригадаша а, звеноша а. Церан коллективаша къийсам латтабо парткоман а, правленин а кар-кара луш йолу ЦIен байракх а, вымпелаш а яхарехьа. Тоьллачарна до ахчанца совгIаташ а.

Кху карарчу хенахь хьалхелайо Ленинан орденлелорхочо Мудушев Сайд-Селама куьйгалла дечу йоьалгIачу бригадо. 1975-чу шарахь 55 стагана дина ахчанца совгIаташ. Дезчу деношкахь хьалхелелочу производственникашна оха ло маршаллин адресаш а, иштта мандаташ а.

Идеологически фронтан бIаьхоша вовшахтухучу социалистически йохьалло доккха гIо до уьтталгIачу пхеашарахь бахамна хьалхалаьтташ долу декхарш кхиамца кхочушдарна къинхьегамхой гIовтто.

— Дог-ойла гIаьттина къахьоьгуш хилча, цуьнан тIаьхье а дика хилар зеделла ду.

Эльсункаев: Нийса боху. Йоккхачу жигараллица къахьоьгу хIорамма а. Цуьнца цхьаьна лаккадолу колхозникийн дахаран-Iеран хьелаш а. Ас масех масал далор ду шуна колхозникийн дахаран-Iеран хьелаш лаккадовлар тIечIагIдеш долу.

ХIор вахархочун долуш ду, я деш ду хIокхузаманан лехамашна жоп луш долу даккхий чохь Iен цIенош. Оцу тIехь царна гIо до колхозо.

БIе сов доьзалан шайн долахь ю легкови автомобилаш, ткъа тайп-тайпанчу маркийн мотоциклаш-м хьехо а ца оьшу. ТIаьххьарчу хенахь ерриге а хIусамнашна кхачо йина газаца. Лело луучеран шайн долахь ю бошмаш, таро ю бежанаш кхаба. Юкъараллин балхана пебетташ воцург, гуш ма-хиллара, дерригенца а кхачо хилла вехаш ву.

Советски халкъан дахаран-Iеран хьелаш кхидIа а тодарна тIехьажийна болчу КПСС-н XXV-чу еъездан исторически сацамаша уьттал-гIачу пхеашарахь кхин а лакхарчу толамашка кхача дегнаш ир-кара хIиттадо къинхьегам-хойн.

ОЦУ ХАЛАЧУ ШЕРАШКАХЬ...

ДIадахнарг делахь сан юьхькIайн,
ГIеллур вац со юха хьежа.
Селхане-м — адаман юьхь яй,
Тахненан куьзган чохь къежа.

Суьйре маьркIаже лестинера со колхозан конторана хьалхахула машинахь тIехъэккхаш. Ларамаза дIахьажавеллачу сан бIаьрг кхийтира шолгIачу этажа тIерачу цхьана кабинета чохь йогучу серлонах. Иза колхозан председателан Эльсункаев Вахин кабинет яра. Ас дийхира машина сацаяр.

— Схьахетарехь, Ваха хIинца а дIавахаза ву-кх. Собрани я совещани ю техьа церан? — хаьттира ас шофере Яндиев Майрсолте.

— Иштта хила а тарло. Амма, хьуна хаа лаахь, кабинета чохь цуьнан болх хIинцца бен дIа а ца болабелла. Дийнахь иза аренашкахь, фермашкахь хуьлу — белхалошна юкъахь. Ткъа суьйранна — кабинета чохь. Цуьнан амалш-м тхуна дика евза хьуна, — вела а луш, элира Майрсолтас.

Иза колхозан коьрта агроном Хизриев Ахьмад дIасхьалелош шоферан болх беш ву колхозехь. Тахана Майрсолта суна «тIечIагIвина» вара. Бахамехула хьуьйсуш а лелла, хIинца садаIа юьрта чу вогIуш вара тхойша.

— Майрсолта, делахь-хIета, ахь, цIа а гIой, садаIа. Со жимма конторехь соцур ву. Вайша

тахана дикка некъ бина, хьо гIелвелла хила а гуш ду.

Цуьнан Iодика а йина, со контора чу вахара.

Ваха ша вара. Со чоьхьа ма-веллинехь, стол лан хьалхара сехьа а волуш, суна дуьхьала во лавелира иза.

— Хьо ма тIаьхьа кхаьчна кхуза? Сада гIуо олуш стаг ца карий хьуна? — Ваха вела велира.

— Сайниг-м кхеташ дара: дIаваха веза дел гIуллакхаш чекхдаха гIерташ хьевеллера со-м ткъа хьо кху чохь хIун дIеш ву-м ца хаьа суна

— БархI даьлча дIа а болалуш, пхиъ даьл ча чекх а болуш бац тхан белхаш. Иштта ха зачу деноша башха ловза а ца дой тхо-м — юьртан кънинхьегамхой. ХIор минот а хьеса нехь хила езаш мур бу хIара.

— Иза-м суна хаьа, амма кибинета чуьра да Iам йоккху бохуш-м па хезна суна цкъа а Вуьшта, и аккаро дарбане-м юьйцу.

Ваха кхийтира чохь гIаьттинчу цигаьркана кIуьрана ас иза дуьйцуш хиларх.

— Вайн заманахь-м, кабинета чуьра санна Iуьргара яккха а хала ду даIам. Наггахь а ца карадо и экха. Хьалха-м кхузахула дукха хуь лура уьш. ХIаллакдина дIадаьхна, — коре вахана, иза дIадиллира цо. — Цхьацца гIул лакхаш дийцаре дан правлении заседаин гул йинера оха. Иза чекхъяьлча а дIаса ца къаь сташ дехха Iий. ХIинцца хьалхо уьш дIа а хьовсийна, цхьацца ойланаш коьрте яьхкина Iара со-м. Схьанехьа а валий, охьахаахьа хьуо сиха вацахь.

— Ойланаш ян бахьана дац хьан-м, мелхо а воккхаве декхар ду. Шуьца йохьалла лелош йолчу Гагаринан цIарахчу колхозан хьаькама ша ян еза-кха, буса охьа а ца буьйшуш, ойланаш. Цара шу а ца кхойкхуш, аш уьш ца кхайкхинера, ахь ма-аллара, шайн дезчу дийне?

— Иштта-м дера дара иза. Делахь а... — Ваха жимма соцунгIа хилира. TIаккха хиъна Iачуьра хьала а гIаьттина, чухула дIасаволавелира иза. Цуьнан дагахь дерг сихха хаа сакIамделлера сан, делахь а ас цхьаъ аьлча цуьнан ойланаш коьртачунна тIера дIайовларна кхоьруш, вист а ца хуьлуш, цуьнга ладоьгIуш Iара со.

— Ахь узий? — цигаьрка кховдийра цо соьга.

— Баркалла.

Вахас иза лата а йина, боккха баькхина кIур чу а тоьхна, хIаваэ хьалахийцира цуьнан чIагарш.

— Делахь а... — эххар ша виссинчуьра дIаволавелира иза, — ас ойла йийриг кхин ду. Ткъа гагаринцех дерг аьлча — церан кхиамаш а ледара бац. Цул сов, тхан йохьалла уьссалгIачу пхеашарахь чекх ма ца яьлла. ДIадоьдуш ду уьтталгIа пхишо — хIайттараллин белхан а, дикаллин а пхишо аьлла дIакхайкхийна долу. Пал тийса хьалхе ду. Оцу хьокъехь ца дуьйцур вайша. Со ойланехь сурт хIотто гIерта ах бIе шо хьалха хиллачун.

— Муха сурт хIотто? — ца кхийтира со.

— Иштта. Гой хьуна, борхIалгIачуй, уьссалгIачуй пхеашерашкахь Ерригсоюзни социалистически йохьаллашкахь хьалхара меттигаш йохуш схьайогIуш ю хIара колхоз. ХIинца колхоз — миллионер а ю. TIаьххьарлера итт шо дIадаьккхича, шовзткъа шарахь некъ бина хуьлу-кх хIоккхо иштачу кхнамашка.

— Со-м ца кхета хьох. Шовзткъа а, шовзткъе итт а шераш хIунда хьехадо? Муьлхач календараца деш ду ахь и хьесап?

— Сан календар-м, хьуна ма моьтту, башхчолхе а яц. Ас хIинцца кхетор ву хьо. — Вахха велакъежира. — 1927-чу шарахь ГIалитIахвовшахтоьхна «ЦIен партизан» аьлла йолу артель. Ткъа таханлера колхоз-миллионер цуьнабуха тIехь кхоьллина ю. Кхетий хьо?

— ХIинца-м кхета.

— Амма билгалдаккха оьшуш ду цхьа хIума. Замай-Юрт, Мескита, иштта важа кIотарикхечу артелашна юкъайоьлхуш хилла. Издикка тIаьхьа вовшахтоьхна. Ас буьйцург колхоз кхоллалс болу мур бу. Кхузарчу баккхийчунахана дика дагадогIу и шераш.

— Муьлш бу и баккхий нах? Цаьрца цхьанакхета тарлур дарий? — Вахас дуьйцучо самукъадаькхира сан.

— ХIунда ца тарло? ГIалитIахь вехаш вЭльжуркаев Мусхьаьжа, Мусаев Зеламхьажа, Мескитахь — Ильясов Вахьид, ЗамайЮьртахь — Гебертаев Айбарту, Уцаев ХьасаКхин багарбан оьший? Уьш хилла-кх артежигара вовшахтохархой. Ткъа ЭльжуркаевМусхьаьжа, хаа лаахь, дуьххьарлера шофер ву-кх хьуна - ТIом болчу шерашкахь Мусаев Зеламхьаьжа председатель а лаьтина.

Суна лиира оцу нахаца цхьаьнакхета.

— Делахь-хIета, со-м кхана а дIа ца воьду, — кхин а цхьа де кхузахь даккха сацам хилира сан.

— Суна хаа-м хаьара хьо вуьсур вуйла, — велавелира Ваха. — Цаьрца цхьаьнакхетчадуккха а керланиг хуур ду хьуна. Церан м

цезна пачахьан Iедалан деза дукъ шайн вогашна тIехь текхо, церан эгIазчу белшаша лайна цуьнан, оцу Iедалан, ерриге йозалла, харцо, мацалла. Церан дезна паччахьан Iедалан доллин дукъ кочара дIа а тесна, герз а карахь Советийн Iедалехьа къийса а, иза даькккхинчул тIаьхьа лардан а. ТIаьххьара — цара гоьхна кхузахь артелан хьалхара зил, кулакашна а, иштта керлачу Iедална дуьхьал йолчу кхечу хIуьмалгашна а дуьхьал къийсам а латтош, иза лар а еш, когашна тIе а хIоттийна.

Ас стенна дуьйцу хьоьга иза? Ахь иштта лаам схьахьебеш хилча, кхана цаьрца цхьаьнакхета хьайн аьтту бер буйла хууш хилча муххале а. Цара шаьш дикахо дуьйцур ду хьуна шайна гинарг а, шаьш лайнарг а.

— Хьо бакъ-м ву, — тIетайра со. — Амма суна оцу селханлерачу дийне хьан бIаьргашна чухула а хьажа лаьара. Оцу генна дIадахначу денойн сурт хIотто гIерташ вацара хьо? Хьуна муха го и?

— Кхин муха гур дара иза: цхьалха сту а боьжна, дечган нахарца тIаьхьа а хIоьттина урд аха гIерта ахархо. Кхарзаделла догу дуьне. Вуьшта, хьуна-м ас хIинца жимма дестина а дуьйцу моьттур ду, амма хIара артель вовшахтухуш дуьххьара шиъ сту а, ши нох а бен кхин гIирсса-м ца хилла. Уьш а жигархоша артелан долалле яьхна хилла.

— Массанхьа хилларг ду-кх иза а. Амма хIор заманахь а довлу дахаран кIорге бIаьрса кхочуш долу адамаш. Царна таханчул дикахо го кхана хиндерг. Оцу кханенгахьа цара къийсам а латтабо. Иштта ца хилча лаьтта тIехь дахар дукха гIийла, миска хир дара.

— Схьахетарехь, ахь кхана дан дезарг би галдаькхина. Ахь бакъо елча, кхана ас ай а, бахаман кхечу къинхьегамхоша а дан дез чун хьокъехь сайна хетарг дIаяздийр дар Хьалххе ойла а йина, гIуллакхаш билгалдаь на хилча, бригадираш наряде гулбелча атта хуьлу. Реза вуй хьо соьца?

Ас реза хуьлуш корта таIийра.

* * *

ШолгIачу дийнахь Iуьйранна со ГIалит вахара. Иза йоккха юрт яц, кхузахь хIоран вовшийн вевза. Цундела хала дацара Эльжу каев Мусхьаьжа веха хIусам карон. Дуьххьа ас хаьттинчу кIанта цаьрга вигира со.

УьйтIахь цхьа гIуллакх деш воллура из Керта вогIуш сох бIаьрг ма-кхийттинехь, ше карара дог охьа а дуьллуш, дуьхьал волавел ра иза.

— Iуьйре дика хуьлда хьан! — маршал хаьттира ас.

— Диканца а вехийла, марша а вогIийл Схьа чоьхьа вала, — зIар дIа а диллина, с кертал чоьхьа ваьлча, куьг кховдийра цо со га.

— Бехк ма биллалахь, ас балхах юкъа ваькхи-кх хьо, — бехказа вала гIоьрт ра со.

— И хIунда хьехадо, хIусамдена халах тийта гIерта хьо? Хьешаца керта беркат дог олуш ца хезна хьуна? Вало, цIа чу гIур в вайша?

Шен шерашка ца хьаьжна тIах-аьлла а, ка де а стаг вара Мусхьаьжа. Аттала къоьжалл а хIинцца хьакхаелла мотталора цунах.

Ас шена тIедсана гIуллакх хIун ду хиъча, Мусхьаьжин юьхь кхин а екхаелира, схьахетарехь, хIара-м ишттачу къамелах хьаьгна хилла, аьлла суна дага а доуьйтуш. Амма бахьанах со тIаьхьа кхийтира. Цунна лууш дерг деккъа цхьаъ хиллера: шайн дайша а, шаьш а хьегна Iазап а, лайна халонаш а хууш, тахана бахамехь къахьоьгуш долчу керлачу чкъуро, хIокху башха ирсечу заманан хама а, пусур а дойла лаьара цунна. Соьца къамел а иштта долийра цо:

— Жима къонах, — элира Мусхьаьжас, — мацах цкъа шен доттагI волчу лаьмнашка хьошалгIа веана цхьа аренийн вахархо. И шиъ вовшашна дукха везаш а, къаьстина еха хан юкъайоьлча ца мегаш а, тешаме а ши доттагI хилла. Ткъа вовшашна тIекхача беха некъ хиларал сов, цу новкъахь кхерамаш а Iитталуш хилла — хIинца санна маьрша ца хилла некъаш. Цундела, мухха делахь а морзах, генгенахь Iен ца лиъначу ламанхочо, иза ша волчу хьошалгIа веача, цкъа эккхийтина:

— Вайша вевза ткъех шо сов зама ю. Вовшашна тIе ца кхочуш жимма а хан яьлча, я со хьо волчу, я хьо со волчу ван новкъа волу. ТIекхачархьама масех дийнахь-буса некъ бан а беза вай. Дой а хIуьтту, новкъахь цхьацца хьовза-баккхамаш а нисло. Схьаволахьа, хьоме доттагI, кхуза сан юьрта, со волччу ваха.

— Ахь бохучух со дика кхета, — аьлла хьешо. — Амма цхьана хIуманан ойла ца йина ахь. Хьо волчу ван новкъа ваьлча, хIара лаьмнаш цоьстуш ас а, сан говро а ворхIазза хьацар доккху. Ткъа хьо со волчу вогIуш, олуш ма-хиллара, маIаш тIе дукъ а детташ вогIу. ХIан-хIа, со волчу аренга ваха ван веза хьо.

— Ткъа кхузарчу лаьмнийн исбаьхьалла, хазалла тергал ца йина ахь? — дуьхьало йина ламанхочо. — Уьш дIа муха тосур ду ас? Мархех чекх кортош даьхна лаьтта лекха лаьмнаш, церан некхех схьалиэшало шал-шийла шовданаш... Ткъа хIаваъ? Иштта цIена, дегIана аьхна хIаваъ цхьанххьа а хир дац. И мел чуийзарх а хьан кийра ца Iеба. Хаалой хьуна? ХIан-хIа хIара ю бакъ йолу шеме, хьо ван веза кхуза.

— Лаьмнаша-м шайн мара а Iаьвдина садукъдина стаг вен а там бу. Ткъа со волчохь — бIаьрго ма-лоццу шера аре ю, мел некъ барх а анаюхе а ца кхочу. Мел пIаргIате ду цигахь! ТIетахьа ас бохучунна, — юха а дехна хьешо.

— Ткъа кхузахь санна кIорга Iаннаш, шуьйра тогIеш — цхьанхьа а хир яц. ХIор шовда — Зам-Зам хи ду, — шена луучунна тIеверзо гIерташ, ша вина лаьмнаш хестийна хIусамдас.

ТIаккха хьешо аьлла:

— Лаьмнашкахь — со хьан хьаша ву, аренгахь — хьо сан хьаша. Вайшиъ — йоккха ши чIагIо ю. ХIинццалц санна, кест-кеста вовшаша тIе а кхочуш, вайн дай баьх-баьхначохь вехар ву вайша.

Оцу тIехь барт а тайна, цу шиннан къовсам чекхбаьлла.

— Ахь бехк а ма билла, амма цIеххьана дагадеанчу оцу ширачу хабарца сайн къамел дIадоло линра суна, — бехказа вала санна, соьга хьаьжира Мусхьаьжа.

Ас цунна бехк билла бахьана дацара. Суна хаьара охашимма хIинцца вовшашца дан дезачу къамелана тIехьажийна, кицанна далощ

вайнехан шира хабар иза дуйла. Со цуьнга ладугIуш сецира.

Мусхьаьжа дийца волавелира.

— ХIоранна хьоме а, сийлахь а ю ша вина, кхиъна, шен дай баьхна меттиг. Дахар мел хала хиларх а и меттиг хIоранна дика а, еза а хета. Цундела кхузахь дахар атта хиларний, я токх хиллий бацара тхан дай кху меттигех хьерчаш. Ткъа и дахар аттачу даккхархьама а, токхдархьама а, тхо, шайн доьзал, ирсе бахийтархьама а бехаш а, къуьйсуш а бара.

...Боккъала хIумма хьега меттиг болуш дахар ца хилла хIетахьлераниг. Сурт хIоттадел шайна: тIе херцца йохку тиша лаппагIнаш, ангалин метта корашна лецна стерчийн ахкаргаш, чиркхийн метта чохь ягайо хьакхар хьакхна тIелхигаш, кIурзах дуьзна пенаш, салпал-м хьехо а оьшуш дац. Йочане деанчу дийнахь хIора лаппагIан тхов тIехь адамаш ган тарлур дара, ладар ца даийта латта дато гIерташ тепчигаш [1] етташ. Ладар-м догIура, амма зударийн а, берийн а бIаьргех оьху хин тIадамаш цул а хала дара нахана. Цара дог делхадора. Чордачу машин бедарша яьжжа дегIан меженаш лозуш, дечиган нахаран тIемаш карахь сеца а ца лора. Мацах цкъа урд а дайна лелаш хилла цхьа ламанхо. Иза лаха араваьлла хIара, гIелвелла, кароригг хиларх дог а дилина, шен верта кIел а тесна дIатевжина. Самаваьлча — вертанна кIел карийна боху цуна шен дайна урд.

Вайнаха хьун а хьоккуш, доьзал хене баккха ялта кхиорхьама ирзеш а дохуш, шардина дакъош паччахьо шен хьадалчашна совгIатна

[1] *Тепчиг* — латта датон жима баьхьа.

декънера. Уьш леладойтург царна мах бала а безара. Нагахь санна йокъа а хилла ялта ца кхиъча, я къора а тоьхна кхиийнарг хIаллакьхилча — къинхетам цхьаннах а ца бора. Мацалло, цамгарша дIакхоьхьура дийнна куьпаш адамаш.

Вай дуьйцург-м Советийн Iедал тIедале хилларг ду. Иза тIедеача хийцадала доладелира адамийн дахар. Хьалхошкара схьадехира мехкаш. ХIинца мискачу ламанхочунна чу жимма са дан доьллера. Амма хIетте а дукха къахьега дезара цо. Йожа говр, сту-ворда ца хилча атта дацара, жIормаг санна, дакъаделла латта куьйга лело. ГIо а хьаьнга доьхур дара? ХIора а воллур-кха шен-шен доьзална къахьоьгуш, иза хене баккха гIерташ.

1927-чу шарахь вовшахтоха йолийра юьртабахаман артелаш. ГIалитIахь вовшахтуьйхира «ЦIен партизан» артель. Цуьнан председатель хаьржира Дудуев Элмурд. Ткъа Мескитарчу артелана тиллира болатчу большевикан Семен Миронович Кировн цIе.

Юьхьанца адам шек дара. Бахам юкъахь лелор бу бохучух теша хала дара мискачу стагана. Делахь а шен деган кIоргехь цо цхьа дегайовхо лоьIура: иштта тоьлашха хир дац техьа? Цхьацца-шишша язлуш, цхьамма вукхуьнгара масал оьцуш, артеле дIаязлора къехой. Цхьамма нох, вукхара бежанаш, накхармозийн тускарш, говраш — доцца аьлча, шайн долахь ерерг дIалора цара артеле. Ала догIу оцу шерашкахь бахархошна юкъахь коммунисташа, комсомольцаша, жигархоша кхетош-кхиоран бокха болх дIахьош хилла хиларан хьокъехь. Царна тIехь ма дара артелаш вовшахтохар кхиамца чекхдаккхар. Ткъа и дархьама — хIоранца шец-шеца дийца дезаш хуьлура, дийцина ца Iаш кхето а, тешо а дезара бахам юкъахь лелоро шен дика тIаьхьенаш лург хиларх. Тахана вай хастамца цIераш йоху дуьххьарлерачу коммунистийн, комсомольцийн, юьртан жигархойн Ильясов Вахьидан, Саадуев Абумуслиман, Тамаев Дурин, Межидов Джунайдан, Дудуев Элмурдан, Уцаев Хьасин, Истамулов Iумархьаьжин, Хангериев Iалсолтин, Чулаев Байсалун, Межидов Джунайдан, Исрапилов Салманан, иштта дуккха кхечеран а. Хала киртиг тIехIоьттича бIо ца къажош, хIора дийно а, сахьто а дахарна кхерам туьйссушехь юха ца бевлла уьш. ХIунда аьлча царна доллучул сийлахь а, деза а хилла хиндолчух тешар.

Керла вовшахтухучу бахамашна реза боцчу кулакаша яккхий новкъарлонаш йора. «ТIелхигийн артель» — иштта олура цара керлачу бахамах. Артеле язбеллачаьргара бекхам эца гIертара. ТIаьххьара шаьш гIорасиз бисча артелан божална цIе тесира цара. Амма нах шен хеннахь орцах а бевлла, бежанаш кIелхьара дехира. Оцо мискачу нехан кхин а чIогIа чIагIбира барт. Уьш баккхийбера: эххар а латта бакъ болчу дайн кара даханера.

Коьрта долчу декъана лелайора хьаьжкIаш, кIа. Юкъахь кхаьгаро шен дика тIаьхьенаш а елира. Артелаш вовшахтоьхначу хьалхарчу шарахь къинхьегаман йолан чоьтах дийкъира юккъерчу хьесанехь ши-шийтта кийла кIа а, бер-берхIийтта кийла хьаьжкIаш а. Иштта токхе, дуьзна ахархойн даьрчий цкъа а ца хиллера. Толуш, цIинлуш дара адамийн дахар.

ХIинца дорцан чиллахь, товханна гонах а хьийзаш, тебий ца лаьттара бераш. Ненан са а

ца дуура: «Со мацвелла, суна хьолтIам я
тахьа цIергахь», — бохуш.

ХIор а кхеттера юкъахь бахам лелор наи
дехь хиларх.

Цул тIаьхьа масех шо даьлча, аьлча а 1933-
1934-чуй шерашкахь артелех колхозаш йир
Оцу дашо дуьззина а, кхачам боллуш а жо
лора лелош берг юкъараллин бахам хиларна

Эльжуркаев Мусхьаьжа Хасун-Юьрта шоф
рийн курсашка деша вахийтира. Уьш чекхъ
яьхна иза цIа воьрзбушехь Кировн цIарахч
колхозе (районехь дуьххьара!) еара полуторк
олуш йолу машина. Цу тIехь болх бан волав
лира Мусхьаьжа.

Кхин а диъ шо даьлча оццу бахаме еар
кхин а шиъ ХТЗ трактор, шиъ молотилка. Иш
та, жим-жимма юьртабахаман техникаца кх
чо еш яра кхечу бахамашна а.

Мескитарчу вахархочо дуьххьарлерачу ме
ханика Висалиев Юсупа дагалоьцу и шераш:

— Юьртабахаман машинаш яьхкинчу хьал
харчу муьрехь цаьрга хьийса тIегIертачу ада
маша болх бан а ца дуьтура. ХIоранна лаьар
тIе а хиъна хахка, боьжна сту-говр а йоцуш
уьш шаьш муха лела хаа. ГIаш, говрахь ген
нарчу ярташкара нах а оьхура оцу тамашийна
чу Iаламате бIаьрг тоха.

Оцу шерашкахь боккъала тамашийна хилл
а хир ду, ши сту а, шиъ дечиган пох а бен кхи
юьртабахаман гIирс а боцуш вовшахтоьхначу
бахаме ницкъ болу машинаш яхкар. Хьалх
куьйга ара дезаш хилла долу кIа хIинца моло
тилкаша орура. ХIетте а таханлерачу денц
дуьстича — иза дан а ду тамашийна.

Тахана колхозехь ю 36 трактор, 8 комбайн
70 кхийолу юьртабахаман машинаш. Оцу ма
шиннийн «дай» бу шайн гIуллакхан баккхий
говзанчаш механизаторш Габатаев Хьасайн,
Умалатов Гебис, Сулейманов Iаьнди, Байму-
радов Анас, Магомадов Мухьади, Хадисов
Джабраил, Мусхабов Мухьади, Элдаров Мов-
лид, Мусхаджиев Iумархьаьжа (дуьххьарлера-
чу шоферан, трактористан Эльжуркаевн
кIант), кхиберш а. Шайгара къинхьегаман ма-
салш гойтуш белхаш бо тIаьххьарчу шерашкахь колхозе баьхкинчу къоначу механизаторша Истамулов Iийсас, Виситаев Хьасайна, Мажатов Мохьмада, кхечара. Бахамехь боккха тидам тIебохуьйту къона говзанчаш кхиорна. Цундела хIор шарахь а школаш чекхъяьхна болу кегийрхой колхозо шен чоьтах деша бохуьйту.

Колхозо дуьйш-лелош ду 1843 гектар латта. Цу тIехь кхиайо тайп-тайпана культураш. Бахамехь къахьоьгуш волчу 750 колхозникаш 327 стаг ткъе итт шарал лахара хенаш йолуш ву. Производствон коьртачу дакъошкахь белхаш беш ву 200 сов комсомолец. Иштта хьал ду тахана А. Шериповн цIарахчу колхозехь.

Ткъа хьалха?

ХIетахь а хилла къинхьегамна хьуьнаре ада маш. Долуш долчу хьолан нийса чот а тухуш, бахам шо-шаре мел долу кхиош схьабаьххина уьш. Царна хууш хилла кIеззигчу кхиамаш цецбовла. Уьш цхьабосса гIовттуш хилла гучудевлла кхачамбацарш дIадаха. Оцуьнгахь хилла церан ницкъ. Уьш тешаш хилла кханалерачу дийнах. Оцу тешамо царна гIо дина дуьхьарлера халонаш эшо. Хьалхара халонаш — уьш ницкъ болчун вахчавалар ду. Цара бахчийна уьш.

Суна дагахь ду ас къамел динчу баккхийчу нахах цхьамма аьлла дешнаш:

— Дерриге дика дIадоьдуш дара. Амма новкъарло йира цIеххьана иккхинчу тIамо...

ТIом... И буьрса дош вайн махкахула кхерстира 1941-чу шеран 22-чу июнехь, аьхкенансихачу муьрехь.

Фашисташ ямартлонца вайн махкана тIелеттачу хьалхарчу деношкахь, метигаш дIа а тийсина, герз караэца дийзира шериповцийн а. Эхь дайначу немецки йовссаршкара бекхам эца къийсаман ара хIитта бахара уьш:

Даймахко олура:
— Хьалхахьа гIуо,
Хан кхаьчна аш хьуьнарш гайта!
КIенташа буьллура
БIаьхаллин гуо,
Ерриге халонаш дIаэца шайга.

Массарна а хаьара цхьаъ: иштта киртиг тIехIоьттинчу хенахь Даймохк цIийца ларбан безийла. Уьш кийча бара цIий Iано.

ЦIахь бисира баккхий нах, зударий, бераш. ХIинца кхин а жигарабаьккхина бан безара болх — шайн а, тIам тIе баханчийн а меттана. Царна хаьара фронтана шайн къинхьегам оьшийла. Царна хаьара маршонан дуьхьа тIеман арахь цIий Iенош леташ болчу шайн кIенташна, вежаршна кхин а хала дуйла.

Оцу шерашкахь «ЦIен партизан» колхозан председатель хиллачу Мусаев Зеламхьаьжас дагалоьцу:

— Цкъа а, цхьанна а ца гинчу кепара къахьоьгура адамаша. ХIара дан деза, важа дан деза бохуш декхарш хьалха хIитто а ца оьшура. Кхеташ ма дара: мостагIчунна дуьхьал латтош болчу турпалаллин къийсамна турпалаллин

лхаца жоп дала дезаш хилар. Иштачу лаах дуьзна дара тхан дегнаш.

Вайнаха олуш ду: хIор стеган шен-шен самкх хила деза, ткъа некъ — юкъара. Иштта ла а хилла оцу тIеман шерашкахь. Шен-шен лх кхочуш а беш, цхьана юкъарчу гIуллакана къахьегна массара а. Тахана баккхийчу ха дагалоьцу: балхана хьуьнаре мел верг ам тIе вахана хиларе хьаьжна ца Iаш, цхьа тайпа дараш доцуш чудерзийна ялташ. Гайамаш а лахара ца хилла. Уьш цец буьйлу тана шайгахь, баккхийчу нахехь а, зударшкахь оццул ницкъ мичхьара баьлла хилла техьа, охуш. Сихха тола болчу лаамо луш хилла хир у-кх царна и ницкъ...

Оццу муьрехь хиллачу гуламашкахь бахийн къинхьегамхоша сацам бо салташна ронте кхачанан сурсаташ а, тIеюха бедарш а хьийта. Иштта цара гулдо граждански тIеман урпалхочун Шерипов Асланбекан цIарах бропоезд ян дехарца фронте дахьийта ахча а. Iаьххьара шай ца кхоош, шайн долахь долу рриге ахча дIало къинхьегамхоша. Масала, льжуркаев Мусхьаьжас ша цхьамма 800 сом хча диллина оцу гIуллакха юкъа. ГIаьхьо унна механа совгIат а до, баркалла а кхайхадо. ТIеюхучу бедарех дукхах ерш вайнехан ударша юьйцина йина тIергIан пазаташ а, каранаш а дара.

Фронте совгIаташ дIаэцна ваханчу Мескитарчу вахархочуьнца Гайтаев Юнусца цхьаьна скаран эпсарша даьккхина сурт Грозный гIаларчу краеведчески музейхь ду.

Шерипов Асланбекан цIарах бронепоезд йина аьлла боккха кхаъ кхечира къинхьегамхошка. Иза Малхбузен фронтан цхьана тIеман

ах цхьаъ хилла дIахIоьттира А. Шериповн
Iарах йолу колхоз.

декъе дIа а хьажийнера. Иштта цаьрга к Оцу шерашкахь тIеман ветеран Абдулшаичира оцу бронепоездан экипажо мостагIцов Юнус колхозан парторганизацин секретарь гIеранаш отуш турпалаллица къийсам латтааьржира. Олуш ма-хиллара, керла дIадолош аьлла хаам а. Церан баккхийберан доза дацолу цхьа а хIума а атта ца хуьлу. 1957-чу шара — жима делахь а, толамна юкъа цара дахь юхаметтахIиттийна бахамаш экономичелинера шайн дакъа. ки ледара бара. Цуьнга терра колхозникашна

Къаьсттана хазахетар хилира кхузарчу ун къинхьегаман ял а лахара яра. Оцу хьехархошна. Лаккхарчу коьртакомандующигашкахь бахархошна юкъахь политико-массобаркаллин кехат кхаьчча. Оцу тIехь къа болх дIабахьар аттачех гIуллакх дацара. хьегамхошна доккха баркалла а кхайкхаМма цхьана а хIуманна тIехь мало ян Iемицеран патриотически дIадоларан доккха маа воцу Абдулшаидов Юнус массанхьа кхиа а на хилар дIа а хьедора. ора, вовшахтохараллин амалш шеца хиларе

...Берриш а цIа ца бирзира тIеман ара терра, болх дика дIабахьа а хаьара цунна. Ит-Цхьаберш даима Iаххa бисира Сталинград ех шарахь парторганизацин секретаран болх гIопехь, Украинан аренашкахь, Польшехь, Гбира цо кху колхозехь. Бахам экономически манехь... Хастам бу царна! IагIбелла дIахIоьттича, иза районехь тIаькъаюьсуш хилла йолчу XXII-чу партсъездан

Царна ца хаьара
Шаьш новкъа довлуш,
Нислур ю муха шайн
Кхолламан кхиэл.
Толамна дуьхьала
Хьалха гIулч йохуш,
Сий ойбуш замано
Дохур дуй пел!

дIарахчу колхозе председатель вохуьйту. Йоццачу хенахь и колхоз а хьалхелелочийн моIаршка яккха хиира цунна. XIокху карарчу хенахь иза ву бахамийн юкъарчу даьхни дусторан цхьаьнакхетараллин директор.

А. Шерипови цIарахчу колхозехь болх беш вацахь а, вехаш-Iаш СогунтIахь ву Абдулшаидов Юнус. Бахаме хазахетар деача — уггар хьалха къинхьегамхой декъалбо цо, гIо эшна Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь шаметтиг писъелча — даима кийча ву. Цо, хьакъ гара доьналла, хьуьнар, стогалла гайтара долуш, дозалла до йоццачу хенахь районехь накхош кхелинчу орденашца, медалашца кхьовха, республикехь а хьалхелелочех цхьаъ бирзира Абдулшаидов Юнус, Нагаев Езед, Цхилла дIахIоьттинчу бахамах.
баев Исмайл, Аюбов ЯрагIи, иштта кхиберш
Царна хIинца хьалхалаьтташ дара машар
фронтехь къахьегар.

1959-чу шарахь А. Шериповн а, С. М. Киро
а цIарах йолу ши колхоз цхьаьна а тоьх
стамӀира. Районехь уггаре а боккхачу ба

АРЕНАШКАХЬ СА ХЬАЛХЕ ДАЬРЖА

Латта а ша хьекъа. Нисло и Iаламехь
Ткъа муха мегар ду, алахьа, хIай,
Iаламан гIиллакхна тIедоьгIна,
Дахарехь
Синтеме хилла Iен, ца хьекъош бай?

Мудушев Сайд-Селаман цIе йохуш кест-
ста хезара суна колхозан правленехь, арена
кахь, я вуьшта пхьоьханахь нах цхьаьнакхе
тачохь. Массара боккхачу безамца йохура
цIе.

Суна лиира цуьнца цхьаьнаккхета.

Оццу Iалашонца хьалххе гIаьттина конто
вахара со. Суна хаьара ворхI сахьт долуш бе
риге бригадираш нарядашна правлене гуллу
хилар. Циггахь иза кара а вина, цуьнца цхьа
на цуьнан «бахаме» хьажа ваха лаам бара са
Амма конторе со дIакхаьчча, цигахь Сайд-С
лам вацара. Жимма хьалхо мотоциклахь дI
вахана хиллера иза.

Цуьнан бригаде кхача болу лаам ас дIахь
бира коьртачу агрономе Хизриев Ахьмаде.

— Со а ву-кх цига ваха кечлуш. Цуьна
бригадехь оха зуьйш ду керла сорт томкин х
ХIор уьтталгIачу дийнахь анализ оьцу о
цуьнан, — Ахьмад хержа велира хьалха шаь
хьесапаш дина кехат.

— Хьо накъост хилча кхин а дика ду-кх,
реза хилла тIетайра со. —Новкъа маца во
вайша?

— ХIокху сохьта. Машина механизаторшна кхача бан яхана. Иза хIинцца схьакхочур ю.

Ахьмад жима стаг ву, коьртачу агрономан болх цунах тешочу хенахь, цхьаберш шек бара: ларор вуй техьа иза? ХIуьза аьлча а цуьнан карахь дийнна бахам ма бу. Ткъа кегий нах шайн амал йолуш хуьлу. Аьрха амал. ХIинцалерачу чкъурана баккхийчара бохучуьнга ладогIа а ца лаьа. Шайн дипломех къилба а дой, хьалхахьа цхьана агIор дIагIерта. Лаккхара дешар чекхдаьккхина дацахь а баккхийчеран а ма ду дахаран диплом — зеделларг. Царна гIорза схьа а эцна, карахь ата ма-эттинехь хаьа цуьнан хьал. Цара латта зийна, ткъа лаьтто уьш Iамийна.

Иштта дегабааме шеконаш даг чохь хиллехь а, Ахьмадах цатешарна дацара иза. Ша ханна жима велахь а, царех ткъа шо цо хIокху колхозана деллера. ВорхIшеран школа чекх ма яьккхина, 15 шо долуш, волавеллера иза къахьега. Цуьнан къинхьегаман стажах хьаьгар ву муьлхха а. Дуьххьара лаьттаца тасаделла гергарло даиманна дагчу дижор — дозалла дан хьакъ долуш хIума ду. Кхечара санна, цо а чекхъяьккхира суьйренан школа. Ткъа кхин дIа а дешаран гIуллакх хьалха хIоьттича, цо, ойла а ца еш, шен документаш Махачкала гIала юьртабахаман институте дIаделира.

Иза массарна хууш дерг дара. ХIинццалц Ахьмад вевзара могIарера белхало санна. ЦIеххьана иштта болх шех тешийча — цо ша муха гойтур ву ца хаьара цхьанна а. Иза дахаро гайтира. Гойтуш а ду. Ахьмадана хаьа кхечаьрга ладогIа а, ша бакъ хиларх тешна

хилча, шениг чекхдаккха а. Схьахетарехь, амалш вайн заманахь аьрхачех ларалуш яц ткъа йоцуш цатерш ю.

Ахьмадана новкъарло ца ярхьама, кхуззахь стоьла тIехь, дIа а тегна, Iохкучу «Коммунизман маяк» цIе йолчу районни газетан агIонаш хоьрцуш Iаш ву со. ХIор номерехь бохург санна карайо суна А. Шериповн цIарахчу колхозах материалаш. Иштта кIезиг яц Хизриев Ахьмадан куьг кIел а яздина, «Говзанчин хьехамаш» рубрика кIел зорбайиттина статьяш а. Уьш ерриш а агрономически Iилманан лехамашна жоп луш а, оцу хенахь массарна кхета атта болчу маттахь язйина ю. Хьалха цкъа айса Ахьмаде: «Хьо кабинета чохь маца карор ву суна?» аьлла дина хаттар а, цо сайна: «Сайчул йоккха а, баьццара а кабинет ян а яц — 1843 гектар», — аьлла, делла жоп а дагадеана ас цуьнга хаьттира:

— Хьо маца кхиаво, Ахьмад, хIара статьяш язъян?

— ХIунда боху ахь? — дуьхьал хаттар дира цо.

— Вайшиннан «баьццарчу кабинетан» хьокъехь къамел дицделла хьуна?

— Оцу кабинета чохь язйо-кх, — бегашийна а доцуш, элира цо. — Гой хьуна, оцу статьяш на тIехь дуьйцуш дерг леррина йолчу Iилманан литература тIера а доцуш, ткъа тхуна хIордаенна зиэн луш дерг ду. Ткъа и зиэраш оха хууш ма-хиллара, аренашкахь дIахьо. Нагахь санна, тхуна зеделлачо алссам пайда тIебохьуш хиларх тхаьш тешна хилча, иза кхечарна хIунда ца довзуьйту? Массара деш дерг цхьа гIуллакх ма ду. Шайна лаахь пайда оьцур бу на лаахь оьцур а бац. Тхан дог-ойла цIена

хир ю. Цундела наггахь статья язъян а хан лачкъо оьшуш меттигаш йогIу.

Тхан дог-ойла цIена хир ю. Нийса аьлла дешнаш ду уьш, кхечу кепара ала йиш а йоцуш.

...Iуьйре кхоьлина еанера. Лакха лаьмнашка баьрг тоьхча — стигал таьIно-о гуш яра. Схьахетарехь, догIа дара цигахь догIуш. Цундела Яьсси-хин тогIи чу охьа ма-дирзбинехь, тхо ламамаза хига хьаьвсира: дистина-х дац хир ду иза?

Амма Яьсси хIинца а цкъа деста кхиийна дацара. Хаа а ца хууш доккха догIий схьа ма кхочу иза. Цкъацкъа иштта а нисло: шех тешна волчу шофера машина хи чу а тосий, юккъе кхоччучу хенахь, дистина догIу хи тIе а кхочий, иза харцош, я шоферан ирс хилахь, мотор тIада а йой, чохь юьсуш. Яьссин амал аьрха юйла хууш долчу тхуна дагадеанарг а изза дара. Вуьшта, цунах чекхдовла цадаларна кхерам бацара тхуна. Масех шо хьалха кхозуш долу гIашлойн тIай тиллина оцу ламанан хиина. Машина дIа а яхийтина, гIаш даха а тарлуш дара.

— Хьалха иштта нислора, — тийналла йохийра Ахьмада. — Мескита я СогунтIа кхача дезаш нисделча, хих гIаш а, говрахь а (машинахь-м дийца ца оьшу) довла а ца лой, ткъех километр го а тосий, Гезла-Эвлахула ваха дезара. Я мескатхой, согунтIхой Замай-Юьрта, райцентре баха дезча — цара а изза дора. Дерригенна бехке дерг хIара Яьсси дара.

Яьссина тIай тилларан гIуллакх цкъа тхайн рогIерачу правленин заседанехь дийцаре дира оха. Нагахь санна дIадаханчу шерашкахь тIай

тилла таро йоцуш Iийнехь, хIинца дерриге хьо
лаш долуш дара. ЧIогIа аьтту бо цо бахархой
Мел дистина дарах а хи новкъа дац хIинц
Ткъех минотехь дехьа-сехьа вахана вогIур в
милла а. Ткъа дIогахь, хин юккъехь йоьгIи
биргIанаш гой хьуна? — Ахьмада хьалха ку
хьажийра. — Машинашна дуьллуш тIай д
иза. Колхозан хоржах. Иштта доккха тIа
эшаран бахьана вай хьалха дийцинарг доцу
кхин а ду. Кху хи чухула хаддаза дIасалела
транспорт телха — мекха а лацалой цхьаца
меженаш яхкало.

— Колхозан хоржах туьллуш хилча, говза
чаш мичара кхайкхина аш? — хаа лиир
суна.

— Уьш а тхан тхешанаш бу. Гезхаджие
Хьамид, Эльсункаев Вадуд, кхиберш а. Иштт
Къохка арахь йолу вальцевой электричес
хьер «ВМ-20» а, электрически пилорама а ц
ран дашочу куьйгийн болх бу. Ткъа и кхозу
долу тIай а, хIара хIинца дуьллург а Хьам
дан проектаца а, куьйгаллица а ду.

...Мескита эвлан юккъехула чекх а девлл
цунна букъ а тухуш, малхбузехьа агIор дI
дирзира тхо. Цигахь, Яьсси-хин аьрру берд
йистах а летта Iуьллуш ю нохчийн жима ю
СогунтIа. Цунах чекх ма-веллинехь дIайола
Ленинан орденлелорхочо Мудушев Сайд-Сел
ма куьйгалла дечу йоьалгIачу бригадан то
кин аренаш.

ХIинца а дикка дIадаха дезаш хилар хьес
пе а оьций, ас Ахьмаде доьху, иза агроном х
ларе терра, борхIалгIачуй, уьссалгIачуй пхе
шерашкахь оцу бригадо хьалхелелоран бахь
нех кхставар. Стенах доьзна ду иза? Массар
чул а хьийкъина томка цара кхиоран къай

стенах йоллуш ю, Іаламан хьелаш берриге бахамехь цхьатерра хилча муххале а.

— Цуьнан бригадерчу томкалелорхойн шайн къайле ю аьлча харц хир ду, — дуьйцу Ахьмада. — ХІунда аьлча, шена зеделларг кхечех къайладоккхучех вац Сайд-Селам. И тІечІагІдеш долу масалш дуккха а дало тарлур дара. Делахь а хІара цхьа масал а кхачаме хир ду аьлла хета суна. Масала, схьаэцал Илманова Маликас куьйгалла деш йолу комсомольско-кегийрхойн звено. Оцу звенорчу мехкарийн гайтамаш кхин а лакхара бу. Шайна тІечІагІйинчу майданан хІор гектара тІера цара 42 центнер томкин декъа гІа гулдина. Амма дийнна бригада схьаэцча — кхнамаш мудушевгІеран бу. Вай юьйцуш ерг цхьа звено бен яц. Иза кхоалгІачу бригадана юкъайогІуш ю. Ала деза, дуьххьара комсомольско-кегийрхойн мехкарийн звено вовшахтухучу хенахь, уьш зеделларг Іамо Мудушеви бригаде ихна хилар, кхиболу томкалелорхой санна. Цул сов, Сайд-Селам ша а хуьлура шен «дешархойн» гІуллакхаш муха ду хьоьжуш цара томкалелочу аренашкахь. Кхузахь коьртаниг — лаьтте болу безам бу. Сайд-Селам кхузахь вина а, кхиъна а ву. Цунна дика бевза кхузара хІора бІал. Цунна хиъна шегахь санна бригадерчу берриге томкалелорхойн дегнашкахь а лаьтте кІорггера безам кхно. Кхин а ду цхьаъ. Иза а чІогІа коьрта ду. Белхалоша лара а лору, сий а до шайн бригадиран. Цхьа хІума шислахь — гара пен хилла иза ларван дІахІуьттур болуш бу уьш. Иштачара яхь лур ю аьлла хетий хьуна?

— Хьо бакъ ву. Амма суна хаа луш кхин а цхьа хІума ду. Айхьа тІаьххьара аьлларг кхетадехьа.

— Иза иштта лараран бахьна хIун ду бохий ахь?

— Боху.

— Мудушев Сайд-Селам дог цIена, гIиллакхе хиларал сов, чIогIа хьанала а, пийсо езаш а стаг ву. Иза лар а йо цо. Озабезам Сайд-Селама цхьаьнгге бийр бац, иштта белхало цхьана а хIуманна тIехь эшор а вац. Производственни низам талхор бохург цуьнан бригадерчу томкалелорхошна хIун ду а ца хаьа.

— Маса шо ду Сайд-Селама бригадиран болх бен?

— Ша дуьнен тIе ваьлчахьана дуьйна а ву-кх иза бригадир, — Ахьмад велавелира. — Ас-м забар йо. Кхузткъе пхоьалгIачу шарахь дуьйна. Вуьшта цхьа хIума дагадеанера суна.

— ХIун дара иза? — хаа лууш, хаьттира ас.

— Со вицвелла айса иза мичахь дешна. Амма гIуллакх иштта нисделла. Ша еххачу хенахь болх бинчу заводе а веана, шен хьомечу цехе, иза муха хийцаелла хьоьжуш лелаш хилла цхьа шира белхало. Цунна юххе ваьлла, керла юкъаялийна технологически процессаш йовзуьйтуш лелаш хилла цехан начальник. Важа керла балха хIотта веана моттаделла цецваьллачу цхьана белхалочо цехан начальнике хаьттина: «Белхало ву иза?» — аьлла. «ХIанхIа, белхало вайша ву, иза — классик ву», — жоп делла цехан начальника.

Иштта ала тарлур дара Мудушев Сайд-Селамах лаьцна а. Цунна, хьеха ца оьшуш, дика бевза шен болх, цуьнан ерриге къайленаш.

Эвлах ара ма-веллинехь, аьрру агIор некъо гола туххучохь, шофера машина сацийра.

— ХIара бу-кх Сайд-Селаман бахам, —

элира хIинццалц вист ца хуьлуш веанчу Майрсолтас.

Баьццара куз баржийна моттадолуьйтуш Яьссин аьрру агIорчу бердан йистерачу легIанчу басахула дIаяхъелла яра томкин майда.

— ХIинца томкалелорхошна тIе а гIур ву-кх вайша, — юьйцина йиччу кертан зIар дIадиллира Ахьмада.

Цунна чоьхьа ваьлча, шерра хьалха хIоьттира тхуна аренашлелорхойн меттиган белхан сурт. Дикка лакхадаьлла томка байн хьоькхучу мохо эсала техкадора. Оцу томкина юкъахь лерриша ца хьаьжча башха къаста а ца лора белхалой. ХIокху хенахь ишшта хьийкъина а, дегI даькккхина а томка гар — иза цецвоккхуш хIума дара.

— Томка, хьуна ма-гарра, хьийкъина кхиъна, — боху соьга Ахьмада, томкина юккъе а ваьлла, цуьнан шуьйра а, даккхий а гIаш соьга а гойтуш. — Цхьа а тайпа цамгар а яц хаалуш.

— Диагноз ма атта хIоттий ахь? — забар йира ас.

— Иза профессиональни къайле ю, — велавелира Ахьмад. — Амма, нагахь санна, хьуна чIогIа хаа лаахь дIа-м йостур ю, цхьаьнгге а ца юьйцург дош а даькккхина, — иза бегаше соьга хьаьжира.

— Ахь аьллачунна тIехь ву-кх со, — дош делира ас.

— Барт хили вайн. ХIоккхуза а валий, кху гIах бIаьрг тохал делахь. — ТIе кхайкхира цо со.

— Соьга хIуммаъ къаста-м ца ло, — кхеташ цахилар даре дира ас.

— Пхенаш тергал дел ахь-м. Уьш шерра къаьсташ ду. Цхьа а тIеда, томмагIа дац юкъахь. Томка унах цIена кхуьуш ду.

Жимма дехьо ма-деввлинехь тхо дуьххьара тIекхечира томкалелорхочунна Солтгериева Зарабатана. Иза сихъелла томкин гIа схьадоккхуш йоллура.

— Томка эвсар долуш хуьлда хьан! — гIиллакхца ма-дагтIара элира оха.

— Баркалла шуна а. Марша а догIийла, — дуьхьал кIедда жоп делира Зарабата, нис а луш.

— Могашалла, болх муха бу?

— Могашалла тоьур ю, болх а ледара бац. Тахана де кхоьлана а деана, ка ма-йоллу гIа схьадаккха гIерташ дохку тхо. Шиэлах аттахо бало болх. Нагахь санна догIа дагIахь кхана кху юкъа гIуртийла а хир дац, даькхина дитича тхов кIел бан болх хир бу. Иштта ца хилча а де дохделча бригадира томкин юкъа а ца дуьту тхо. Оцу тIехь шен амал йолуш ву иза. Іуьйранна, суьйранна де шиэлах бе боху болх.

— Шун белхан де мас даьлча долало?

— Тахана санна, кхоьлана де деача тIаьхьо доло мега. Вукху деношкахь малх кхетале коьрта гIуллакхаш чекхдоху оха. Аренашкахь са хьалхе ма даьржа. Иштта атта хуьлу. ТIакхха суьйранна малх чубузучу хенахь юха а томкин юкъа догIу.

Иза Мудушев Сайд-Селама царна хIоттийна белхан раж яра. Цу тIехь иза нийса а вара. хIунда аьлча, де-тевнехь томкин юкъахь болх бан Іаламат хала ду. Бурконо а, томкин хьожано а садукъдо. Цомгаш хиларна кхерам а бу. Бригадира шен белхалойн беш гIайгIа бара иза. Цунах уьш дика кхетара.

Солтгериева Зарабат колхозехь дуьххьара томка кхио долийначех цхьаъ ю. Царна тIе мадиллинера ламанан хьелашкахь и культура зиэр. Церан хьалхарчу гайтамаша дог тешийначул тIаьхьа бен колхозехь а, районехь а томкалелор иштта шуьйра юкъадалийна а дац.

Зарабатана гена боццуш белхаш беш бу, цо санна, и культура ламанан хьелашкахь алссам хьийкъина кхиа лург хилар шайн къинхьегамца тIечIагIдина болу Каташева Джугу, Элимсултанова Маймунт, Гериева Хьасраъ, Дадаева Тамара, кхиберш а. Цара массара кху-кхузткъа сотешна тIехь лелош ду томка. Шо-шаре мел долу керл-керлачу кхиамашка кхочуш схьа а богIу уьш. Масала, 1967-чу шарахь шаьш дIайийначу майданан хIор гектара тIера 14 центнер бен томка чу ца дерзийнера аренашлелорхоша, ткъа 1968-чу шарахь — 24 центнер, кхин а ши шо доьлча — 32 центнер томкин декъа гIа доьхкира цара пачхьалкхана. Цул тIаьхьарчу шерашкахь церан гайтамаш кхин а лакхара бу. Йоццачу хенахь кхузза сов хьекъо таро хилла церан шайн гектараш. Кхузахь дага муха догIур дац, кхиам — зеделлачунна тIаьххье лела боху хьекъале дешнаш.

Вай лакхахь далийна терахьаш ерриге а бригадан хьесапехь ду. Амма ша-ша томкалелорхо схьаэцча — церан гайтамаш цецвохуш бу. Масала, лаккахь вай цIераш яьхначу томкалелорхоша шайна тIечIагIйинчу 50—55 сотешна тIера уьссалгIачу пхеашеран дерзоран шарахь 50—60 центнер томкин декъа гIа гулдира. Иза тIаьххьара доза лара мегар долуш кхиам бара. Амма баьхначу кхиамех тоам бина совца Іемина бац кхузара аренашлелорхой. Иштта хилча цара хIор шарахь шайна хьалха

керл-керла дозанаш хIиттор дацара. Цунна тоьшалла до уьтталгIачу пхеашеран хьалхарчу шарахь церан гайтамаш кхин а лакхара хилла хиларо.

Томка алссам хьийкъина а, дикачу сорташ кахь а кхиоре терра, аренашлелорхойн къинхьегаман ял лакхара яра. Масала, Солтгериева Зарабата 2700 сом, Каташева Джугус — 2505 сом, Элимсултанова Маймунта — 2313 сом ахчанаш ийцира пачхьалкхана томкин декъа гIа дохкарца. Иза а царна хIор баттахь луш хилла къинхьегаман ял юкъахь а йоцуш.

Оцу хьокъехь сан къамел хилира бригадираца Мудушев Сайд-Селамаца. Цо дийцира:

— Томкалелор юкъадалийначу хьалхарчу шерашкахь, иза дуьйш-лелош йолу майданаш хIинца санна екъна яцара. Томка массара юкъахь леладора. Цул сов, хIор томкалелорхочо вовшашца лелош йохьалла а яцара. Звеношна юкъахь социалистически йохьалла вовшахтоьхна-м яра, амма къеггина болу кхиамгуш ца хуьлура. Оцу хIоьттинчу хьолах хьалхамуха вала везара? Иза суна а ца хаьара, я кхечарна а ца хаьара. Схьахетарехь, зеделларгцахиларна хила там а бара иза иштта. Мухха делахь а, и дуьхьлонан пен бохо безаш бара. Цхьаннах-м тхо кхетара: лаккхарчу кхиаман закъалт — иза белхалошна юкъахь хаарца вовшахтоьхна социалистически йохьалла хиларх. Хаарца вовшахтоьхна йохьалла — чIагIдан лаьа суна. Тхуна ца тоьуш дерг и «хаар» дар-кха.

Дерриге а дагахь доцуш нисделира. БIаьстенан юьхь яра. Даима санна парникови бахамаш вовшахтухуш дара тхо. Иштачу цхьана дийнахь суна тIеэара бригадера томкалелорхо Керимова Майса. Цо соьга элира:

— Сайд-Селам, шовзткъе итт соти меттиг суна сайнна тIечIагIъяр доьху ас. И суна дагадеана дикка хан яра. Амма хIинццалц дIаала ца хIуттуш Iаш яра со. Оцу участкех аса айсса жоп лур ду. Томка ледара кхнахь а суна эшам хир бу, ткъа зиэр хIумма а новкъа а дац.

Бакъдерг аьлча, цкъа юьхьанца со а, бригадан членаш а реза ца хилира цо бохучунна. Маймунт вайх дIакъаста гIерташ ю бохург дага а деара. Делахь а дуьххьалдIа цунна хаддош жоп а ца луш, ойла а йина хьовсур ду вай, аьлла йитира ас.

Буьйсанна охьа вижинчу хенахь а дагара ца долура суна цо сайга аьлларг. Дика ду, ойла йора ас, цо иштта сацам тIеэцарна оьгIаз а бахана, массара иза дIатесна йитахь—тIаккха хIун хир ду? Юха а и ойла сихха дIаэккхайой, кхин дагадогIура суна. Шенна тIечIагIйича, цо дика лело а там бу и участок. Правленехь накъостех дага а ваьлла, цуьнан лаам кхочушбийр бу ас, аьлла сацам хилира сан тIаьххьара а. Иза а ма ду ша тайна зиэр. Ткъа зиэраш цхьацца къастам ца бохьуш ца Iа.

ШолгIачу дийнахь Iуьйрре со конторе вахара, председательх а, коьртачу агрономах а, кхечу накъостех а дагавелира. Цара хадам боллуш схьахьедира: Маймунтана цхьанна бен и дан бакъо луш цахилар.

Тхан зиэр муха чекхдаьлла аьлла хета хьуна? Гектарана леринчу хьесапехь, бригадерчу кхечу томкалелорхойл шозза сов томка чудерзийра Керимовас. Делахь-хIета, и кеп юкъаялор пайдехь хилар шеко йоцуш дара. Иштта томка лело болу лаам вукху аренашлелорхо-

ша а схьахьебира. Шолгlачу шарахь оха хlор томкалелорхочунна шен-шена тlечlагlйира къаьсттана майданаш. Цул тlаьхьа хlокху колхозехь хьовха, районан берриге бахамашкахь а юкъаялийра и кеп.

— Схьахетарехь, оцу кепо хlор томкалелорхочун жоьпалла лакхадоккху-кх.

— Доккху дера-кх. Цхьанна ца лаьа шен накъостал тlаьхьа виса. Цул сов, хlоранна а ма хаьа шена лур йолу къинхьегаман ял бинчу балхе, аьлча а пачхьалкхана дlаделлачу томке хьаьжжина хир юйла. Кхузахь цхьаннан дегабаам бойла дац. Амма оцу кепан кхин цхьа мехала агlо а ю, — билгалдо Сайд- Селама. — Хууш ма-хиллара, мел, мухха томка лелийча а, хlор томкалелорхочун гайтамаш цхьанатохаро йо ерриге бригадан юьхь. Масала, цхьаболчара шайна тlечlагlйинчу 55—60 сотешна тlера, гектарана леринчу хьесапехь 55—60 центнер томкин декъа гlа гулдо, вукхара оццу майданашна тlера 30—35 центнер бен ца гулдо. Царна юкъахь йоккха башхалла ю. Ткъа лара дезаш дерг юккъера хьесап ма ду. Оцу хьесапо гойту, масала, бригадо хlор гектара тlера 32 центнер томка чудерзийна хилар. Гайтам лахара буй? Бу. Цундела оха корта кегбийриг а, ойла йийриг а цхьаъ ду: муха кхачалур дара техьа массара цхьабосса лакхара хьийкъина томка кхиоре? Оцунна тlехьажийна бу тхан берриге ницкъаш.

Нийса лоьра Саид-Селам. Дан а ду иза ойла ян езаш гlуллакх. Ас цул тlаьхьа дуккха къамелаш дира оцу хьокъехь томкалелорхошца шайца а, агрономаца Хизриев Ахьмадца а. Оцу хьокъехь цара шаьш а дуккха зиэраш дина. Изза участкаш хьалхелелочу томкалелорхошна тlечlагlйина а хьаьвсина. Тlаккха гайтамаш кхин тайпа хилла. Латта бехке дац. Томкалелорхой шаьш а бац бехке — цара лерина кхочушбо агротехнически лехамаш, шайн ницкъаш ца кхоабо. Иза иштта доллушехь цкъачунна къайле къайле хилла юьсуш ю. Цундела ду кхузахь томкин керлачу сортан хlу зуьйш а. Лаккхара хьийкъина кхиарца зеделла долу «Самсон-155» хlу ду иза. 1976-чу шарахь иза дlадийнера кlеззигчу латтанаш тlехь. И латтанаш а тайп-тайпанчу меттигашкахь схьакъастийна дара: Iиндагlехь, маьлхан басахь, тlуно алсам йолчохь. Мудушевс ма-аллара, башха латта къестадац оцу хlуьно, массанхьа цхьабосса дика кхуьу. Уьтталгlачу пхеашеран шолгlачу шарахь цунна дlаелла бригадо алссам майда.

Мудушев Сайд-Селаман бригадехь волуш а, цул тlаьхьа цlавогlуш а ас ойла йора цхьана хlуманан: колхозехь дуьххьара томка лелор Мудушевн бригадах тешийна, цуьнан бригадерчу Керимова Майсас дуьххьара юкъадалийна шен-шена къастийнчу участкашна тlехь и мехала культура кхиор, оццу бригадо дlахьош ду керла «Самсон-155» томкин хlу зиэр, тlаьххьара и бригада юкъаяьлла «Уьтталгlачу пхеашеран план — деа шарахь!» аьлла районан берриге къинхьегамхошка болчу кхайкхамца. Оцу кхайкхаман шуьйра гlо лаьцна районан берриге томкалелорхоша.

Юх-юха а гlертара оцуьнан нийса жоп каро а, жамI дан а.

Тlаьхьо, председательца Эльсункаев Вахица, коьртачу агрономаца Хизриев Ахьмадца, парткоман секретараца Умаров Хасболатца хиллачу къамелашкахь хнира суна иштта жоь-

паллин гIуллакхаш цунах тешор лаа цахила
Массарачул алсам цуьнан бригадерчу томк
лелорхойн ду и культура лелорехь зеделлар
царна дика хаьа керлачу агротехниках пайда
эца, деллий дош — кхочушде! — ишта бу це
ран деган кхайкхам.

Оцу бригадана тIечIагIдина ду 20 гекта
томка. План 18 центнер йолуш, цара хIор ша
рахь 32—35 центнер томкин декъа гIа гулд
хIор гектара тIера, дукхах дерг кхоалгIач
сирлачу сортах а долуш. Иза, вай хьалха ма
аллара, тIаьххьара доза дацахь а (хьалхелело
чу томкалелорхойн зеделлачо тоьшалла деш
ма-хиллара), амма лакхара кхиам лара хьак
болуш гайтам бу.

Юккъерчу хьесапехь, оцу бригадан цхьан
гектаро 9600 сом пайда тIебохьу, ткъа цIена
са — 4 эзар сом. Делахь-хIета, Мудушев
цхьана бригадо деккъа цхьа томка лелорш
80 эзар сом цIена пайда бо шарахь колхозана
Томкел сов кIа а, хьаьжкIаш а, ишта кхийолу
культураш а ма ю цунна тIечIагIйина. Цара
техуьлуш болу пайда а тIетоьхча и терахь кхи
а лакхадолу. Дукха ду иза, я кIезиг ду цхьана
бригадана?

Оцу хаттарна вайна жоп карор ду хIокху ду
старшца: юккъерчу хьесапехь, колхозехула
цхьана гектар томкано тIебохьуш берг 7600
сом пайда бу. Ткъа цIена са — 2300 сом
Оцу терахьаша шаьш дуьйцу шайх лаьц
на.

Ишта гайтамаш хилча кхачо ян а мегар
дара аьлла дагадан там бара. Амма, хIоьттина
лаьттина хи дахкаделла олуш ду халкъалах
Цундела уьш дика кхета таханлера кхиам –
кхана рогIера гайтам хилла буьсург хиларх

Цундела уьш даима лехамехь бу. Оцу лехамаша шайн дика тIаьхьенаш а ло.

ТIаьххьара ала догIу Мудушевх шех лаьцна а масех дош.

Иза зеделларг долуш волу вовшахтохархо а, аренашлелорхо а хилла ца Iаш воккха юкъаралхо а ву. ХIинца доьазлагIа хаьржина иза райсоветан депутат. Депутат хиларе терра, цо дуккха а гIуллакхаш до харжамхойн тIедахкарш кхочушдарехь.

Сайд-Селам боккхачу а, амма бертахьчу а доьзалан да ву. Воккхах волу Мохьмад оццу колхозехь шоферан болх беш ву, ткъа цул жимах волчу Рохьмада трактористан говзалла хаьржина, Iумар-Iела Мескитара юккъера школе чекхъяьккхина юьртабахаман институтехь доьшуш ву. Важа бисинарш школехь доьшуш бу хIинца а.

Хьанна хаьа, цара а школаш чекхъяьхча, шайн дас-нанас, вежарша санна, юьртан говзалла харжа а там бу. ХIинца а хьалхе ду церан хиндолчун хьокъехь дийца, амма вай теша: уьш а Ленинан орденлелорхо шайн да Мудушев Сайд-Селам санна, махкана безаш а, цуьнан зовкхан дуьхьа бехар болуш а граждаш хилла дIахIуьттур бу. Махке а, халкъе а, хьомечу юьрте а церан дегнаш чу безам бижийна Сайд-Селама, цуьнан хIусамнанас Заянус а.

Болх ца бо сий даккха гIерташ,
Балхо стаг ша сийлахь во.
Безаме хетало берчаш,
Яьхнехь уьш вайна балхо!

ХIаъ, дIаваха дагахь Сайд-Селамца Iодика еш, ас доггах Iаьвдира балхо берч дина цуьнан эндаже шуьйра куьг.

КЕРАЮККЪЕХЬ СЕДАРЧИЙ

Ца оьшу церг къежо там беш, —
Безам бу дуьне а лало.
...Деза-кха кIадделла адмаш,
Царна ца йовзарна кIадо.

Правленин заседани даима суьйранна пх
сахьт даьлча дIайолайора. Амма тахана, бIа
стенан-аренан белхаш сиха хилар хьесапе а э
на, тIаьхьо гулбеллера правленин членаш ко
торе.

Бахамна хьалхалаьттачу жоьпаллин декх
рех лаьцна дехха дийцинчул тIаьхьа а, дIа
бухуш дикка Iийра уьш. Дийнан повестк
тIехь доцурш а мел дара церан къастон деза
гIуллакхаш!

ХIинца, иза чекх а яьлла, ша цIа вогIу
Джунайда юх-юха а дагалоьцура цигахь ди
царе дина, хIокху сихачу муьрана тIехьажи
на долу, жоьпаллин гIуллакхаш.

Даьхнилелорах дерг бен цунах хьакхалу
дацара. Амма кху колхозехь болх беш хилча
бахаман дерриге дакъойх а дог лазаза ца Iелс
Иза лаза декхар а ду. ХIаъ, цара, даьхнилело
хоша, дерриге а дина даьхний дараш ца ху
луьйтуш Iаьнах даккхархьама. Цул сов, ди
халахь а ца эшна уьш. Докъаран шорто х
ларна а дацара иза. Хууш ма-хиллара, к
шарахь бIаьсте ян тIаьхьа йисинера. Қаленда
ра тIехь бIаьстенан денош дагарлуш хиллех

а, арахь ло ца дешаш, денош шийло догIура. Ткъа цуьнца дозаделла буц ялар а тIаьхьа даханера. Оьшуш дерг — йолуш йолчу докъаран тIаьхьалонех кхоамаца пайда а оьцуш, даьхний дилхалахь а ца оьшуьйтуш, хене дахарна таронаш кхоллар дара. Иза цара дан а дира.

Правленин заседанехь иза а, уьссалгIачу пхеашеран планан декхаршца даьхнилелорхой кхиамца ларийна хилар а билгалдаьккхира, кху карарчу хенахь коьрта тидам стенна тIебахийта беза а дийцира. Цуьнца цхьаьна билгалдехира долуш долу кхачамбацарш а. Уьш дийнна бахамах хьакхалуш дара. Масала, цхьайолчу бригадаша томкин зIийдигаш аренашка дIайогIаран тоьлашха йолу хенаш тIехтилийтариа кхерам кхоллабеллера. ХIун ду цуьнан бахьана? Томкин зIийдигаш ца тоар ду. Парникашлелорхоша шайх жимма ледарло ялийтар бахьанехь, дуккха а томкалелорхой болх дIа а ца болош Iен дезаш нисдала там бу. Цундела коьрта дара кхолладеллачу хьолах хьалхавала некъ карор.

Оцу хьокъехь къамел юкъадаьлча, дош дийхира Джунайда.

— Кхузахь къамел динчу Мудушев Сайд-Селама дIахаийтира ша куьйгалла дечу йоьалгIачу бригадан аренашлелорхой томкин зIийдигаш аренашка дIайийна бовла герга хилар. Иштта, цуьнан къамелехь гуш дара церан хIинца а шортта зIийдигаш хилар. Уьш шолгIачуй, кхоалгIачуй бригадашна екъа еза, болх хIоьттина ца латтийтархьама. Ткъа царна эшале вукху бригадашкахь ерш а тIекхуьур ю.

— Со ала гIерташ верг а изза дар-кха, — къамелана юкъаиккхира Сайд-Селам. — Та-

хана соьгара гIо эшна, кхана дехаре со гIур ву. Вайн болх иштта ма бу. Шех тоам бина, ша дIагIертарх стаг гена вахалур вац. Цхьа гIортолаш ма ю вай вовшийн.

Юьртан шуьйрачу урамехула вогIура Джунайд, и дерриге а дага а лоьцуш.

Лаьмнашкахь суьйре хьалхе юлу. Маьлхан кад дIогарчу ломах охьа керчийчул тIаьхьа, бода булу. Ураман шина а агIор лаьттачу бIарийн дитташа, некъаш кхин а бодане хоьтуьйту ламанан ярташкахь. Кхузахь, Замай-Юьртахь а, иштта дара масех шо хьалха. Ткъа хIинца урамаш серладаьхна бIогIамашна тIехь догуш ду электрически чиркхаш. Жимма догIа деача хатт а болий, волавала а ца лора. Лаа олуш дацара вайнаха: «Цхьа герка догIа деача — цхьа пунт хатт болу», — олий. ХIинца некъаш, тIе жагIа а боьхкина, тодина. Кхин масане ду хIокхера дахаре хIокху тIаьххьарчу шерашкахь даьхкина керланаш? Хийцаделла адамийн дахар. Дикачу агIор хийцаделла.

Джунайдаца цхьаьна урамехь вехаш ву даьхнилелорхо Гебертаев Вахарсолта. КетIахула чекхволуш, мухха делахь а, цуьнан керта верзаза Iен ца велира иза.

Вахарсолта доккха зеделларг долу даьхнилелорхо ву. Шен къинхьегаман некъ цо Киргизехь, кIора боккхучу цхьана шахтехь дIаболийна. Хийлаза дезна цуьнан Iожаллин бIаьра хьажа. Амма цкъа а бIо ца къажийна цо. Шахтерийн говзалла — иза доьналла, стогалла йолчийн говзалла ю. ХIаъ, иштта элира цуьнга кадрийн отделехь а, хIара заявлени а эцна тIевахча. Цундела къинхьегаман хьалхарчу дийнахь дуьйна дахчо волавелла доьналла, стогалла таханлерачу дийнне схьаеана цо. Ткъа

и амал муьлххачу балха тIехь а ма оьший. Цунах дика кхета Вахарсолта.

Шерипов Асланбекан цIарах йолу колхоз юха вовшахтоьхначу хьалхарчу дийнахь бахаме дIаязвелира иза. Аренашлелорхочун болх бо цо. Цул тIаьхьа иза даьхнилелоре хьажаво. ХIара иттех шо ду. Джунайд а, Вахарсолта а цхьаьна болх беш волу. Ханна иза шел воккха хиларна делахь а, я балха тIехь дика зевелла хиларна делахь а, Джунайд данма цунах дагаволу. Цундела тховса а цуьнан кетIахула чекхвала ца велира Джунайд.

НеIарх пIелг а тоьхна:

— Чохь дуй шу? — аьлла, арара мохь а тухуш, Джунайд чоьхьа волуш, Вахарсолтин доьзал суьйренан пхьор даа стоьлана гонах хевшина бара. ХIокхунах бIаьрг кхетча самукъаделира Вахарсолтин. Стоьла юххера берриш а хьалагIевттира. Вахарсолта Джунайдана дуьхьал волавелира:

— Чоьхьа вала, чоьхьа вала! Схьадал ккхунна цхьа гIант, — чухула дIасахьаьвзира хIусамда.

— ГIоза йоийла аш. Со... со-м тарлур вара, меттах ма хьейша, — Джунайд шена гайтинчу метте — баьрчехьа велира.

Правленехь шаьш дийцаре динчу гIуллакхийн хьокъехь доцца дийцинчул тIаьхьа, Джунайда элира:

— Кхеташ ма-хиллара, даьхний ламанан дежийлашка дигар жоьпаллин гIуллакх ду. Хьалха йийлинчу ледарлонех лардалархьама, кечамбар кханнехь дIадоло деза вай.

— Цуьнан ойла еш-м со суо ву, — элира Вахарсолтас. — Суна схьахетарехь, юха а цкъа ветеринарин лоьре таллам байта беза. Мохь-

мадхьаьжин группера цхьа етт сиркхо хьакхаслла бу.

Гезиев Мохьмадхьаьжа даьхнилелорехь керла стаг ву. ТIах-аьлла а, кадс а хилар цуьнгара цхьамма а доккхур дац, амма зеделларг цахиларна ледарло ялийта а сахьт дац. Цундела сагатдо цунна тIечIагIдинчу хьелашна Вахарсолтас.

— Эсашна бирканаш тохар а сихха чекхдаккха деза. Дисинарг масех эса бен дацахь а ледарло ледарло ма ю. Царех буха дуьтуш дерш а шайн-шайн яслешка хIинццехь дуьйна дIадекъна хила деза.

— РагIушна ремонт ян нах бахийтар юкъаделирий шун? — хаьттира Вахарсолтас. — Цигахь божалш делхьара кхин а дика хир дара.

— Масех ремонтин белхало кханнехь гIур ву лаьмнашка. Оьшуш болу гIирс кечбина, нах билгалбаьхна.

— Иза дика ду. ХIара шо цхьа ша тайпа амал йолуш ду. Цигахь, лаьмнашкахь, вайна хIуьттарг ян гIерта там бу Iаламан хьелаш. Амма мацца цкъа иштта хила там бу: синоптикаша даьхнилелорхошка: «Тахана дарц дала там бу. Дохне хьовсуш хилалаш!» — бохуш хаам вайна хезаш.

— Иштта иза хир ду. Цунна шеко яц. Вуьшта, тохарлераниг дага-м ца деана хьуна, Вахарсолта?

— И кхо дей, кхо буьйсий суна цкъа а дагара ца долу. Хьуьнарна дахчадалар дацара иза? — Вахарсолта велавелира.

...Цхьа а тайпа сингаттам ца хьоьхура дийно. Юькъа-лекхачу сийначу цаналахь паргIат дежара бежанаш. Малх лахбала хIинца а дик-

ка хан яра. Шен доьзал-зIаьнарш дуьххьала лаьттачу ламанан баса яжа а лаьхкина, царна тIе а лахбелла, хиэ хIоьттича санна, цхьана меттехь лаьттара малх. Ламанан ирачу кIомсарх таса а белла, чубуза дицделла иза лаьтташ бу мотталур дара кхуза дуьххьара веанчунна.

Хаза суьйре яра тIейогIуш.

«Тховса-м, схьахетарехь, бежанаш, ргIу кIел а ца лохкуш, сахиллалц дажо аьтту хир бу тхан», — ойла йора Джунайда. Боккъала, йочане буьйсанаш ца хилча парггIата дажа дуьтура цара уьш. Экханах лардичахьана (шайн ижуна тIаьхьаевлла берзалой, дукха хьолахь буьйсанна лелхара дохина юкъа), цара дан оьшуш хIумма а дацара. Буьйсанна беттан серлонехь гораш тIе а ца леташ, мелхо а дика дежара бежанаш. Цундела, хаза еанчу хIор буьйсанах пайдаоьцура даьхнилелорхоша. Шеко йоцуш тховса тIейогIуш ерг а ишттачех буьйса яра.

Бежанашна го тесна Вахарсолтина тIевеара Джунайд.

— Са-м ца гатло хьан? — хаьттира цо.

— Ишттачу суьйрено сингаттамна меттиг а ца буьту дагчохь. Хьажахь цкъа хIокху хазалле? Мила Iелур ву кхунах тамаш ца беш, воккха ца веш?!

— Лаьмнашкарчу суьйренашка, Iуьйренашка кхочуш хIума хир дац, — тIетайра Джунайд.

— Ткъа буьйсанаш! Мел исбаьхьа ю уьш!— шен воккхавер лечкъа ца лора Вахарсолте. — Исхарин вертанах хьаьрчина Iуьллу бутт. Ламанан белшаш тIе а эгна догу седарчий. Лаахь куьг дIа а кховдадай, кераюккъе седа схьа а

эций, цуьница цигаьрка а латае! Иштта юххехь догу уьш. Вуьшта, хьупа-м иза ца хаа там бу, цигаьрка узуш ма вац хьо, — забар йира Вахарсолтас. — Ткъа садаьржа зама тергалйиний ахь? ХIуъа аьлча а буьйса чекх а яьлла, малх гIоттуш кхин а хаза хуьлу. Хьуна хаьа махко къинхьегаман керла де дIадоладой. Иза могаш-маьрша тIедарал доккха хIума дац.

Джунайд велавелира:

— Хьо-м дагчохь поэт а ву моьтту суна. Вуьшта, корматалла кIезиг ю-кх, дависарг, — забар йира цо.

— Иза ахь нийса боху. Дукха тIаьхьа евзи хIара меттигаш. Жимма хьалхо ван везаш хиллера кхуза.

— Суна хезна цхьана гIараваьллачу яздархочо шен кхузткъа шо кхаьчначу хенахь язйина дуьххьарлера книга бохуш. Дегайовхо хьан йолуш ю. Хьан-м хIинца а ойла ян ткъа шо а сов хан ю хьалха. Ледара ма хилалахь.

— Забарш юьтур вайша, — гIуллакха тIе велира Вахарсолта. — Тховса дохкна хIун до вай?

— Узуш долу хьелий жимма Iийна ргIу кIел а лаьххкина, уьш озийта деза. Ткъа тIаккха, ахь оццул хаза йийцина буьйса, сенчу стигал кIел токхур ю-кх вай. Къилахь ма ду иштта буьйса тхов кIел якккхар. Iабдулхьаьжига а, иштта бисинчу накъосташка а вайн сацам дIаала. Со дехьо волу.

ХIинца а цхьа тайпа хийцам бац Iаламехь. Цхьа а марха яц стиглахь гуш. Лил доьттича санна, сийна ю иза. Бух боцуш кIорга а ю. ХIинца а ах сахьт хан йисина хIорш Iаламца къийсаме бовла. Нийсса ах сахьт.

ЦIеххьана шийло мох белира. Джунайде

ларамаза тIеюхийтира цо, новкъа а хилла, белша тIе тесна плащ. Iуьйре йоькхана, кхоьлана хилар хьесапе ца оьцуш, даима шайца плащаш лелайо бежIуша. Гуьйре санна, тешаме яц лаьмнашкахь аьхке. Цунах уьш дика кхета. ХIунда аьлча, цара кхузахь токхуш ерг дуьхьарлера аьхке яц. Царна девза Iаламан хьелаш.

Шийлачу мохо цхьанхьа къайлаевлла лаьттина мархаш схьалаьхкира. Цара шайн меттана къайлабаькхкира хIинцца дукха хан йоцуш, шен зIаьнарех боккхабеш хилла малх.

Суьйре кхоьлира. Дерз доладелира. Жимма хан яьлча, иза хуьйцуш, чийлика чуьра охьа Iанийча санна, доккха догIа деара.

Лакхарниг хиларе терра, ша бина сацам хийца ваха дезара Джунайдан. Амма бужIуша шайна а ма хаьа хIоьттинчу хьелашкахь нийса сацам тIеэца. Цундела кхуззахь сецира иза, Iаламо кхин хIун хийцам бохьу-те, аьлла ладугIуш.

Боккъала цо хийцам бан а беара. ДогIанца цхьаьна, тIеелха йолаелира ткъов. ТIеда лайн чимаш дезза юьхьмаршна тIе а детталуш, сихха дешара.

«Там бара вайна аьхкенан юккъехь дарц дала?» — дагатесира Джунайдана. — Вуьшта, даьлча а керланиг дацара иза-м. Цецвала меттиг бац».

Делахь а накъосташна тIе ца воьдуш Iе ца велира иза. Цунна гена воццуш вара Iабдул-Хьаьжа. Бежанаш вовшашна тIе а лоьхкуш, цхьаьнатухуш воллура иза. Иштта важа бежIуй а бара изза деш.

Шен белхан ерриге къайленаш дика евзара Iабдул-Хьаьжина, цуьнан дара алссам зедел-

ларг. Жима волчу хенахь, да-нана а делла, байлахь висча дIаболийнера цо къинхьегамаш некъ. ХIетахь дуьйна даьхнилелорхо ву иза. Ткъа ишттачуьнца дагавала а атта ду, хьуна дала хьекъал а цунна карор ду.

— Дагахь а доцуш, суьйре йоьхна еа-кха вайна? — элира Iабдул-Хьаьжас Джунайд шена тIекхаьчча. — Даьхний даьржина дита кхераме ду. Къу-берзан буьйса ю тIейогIуш ерг.

— Со а ву изза моьттуш, — тIетайра Джунайд. — Биъ бIаьрг бина хила веза хIор а тховса. Важа накъостий тIебаьхкича вовшех дага а девлла, цхьа кхеташо йийр ю вай.

...ХIинца хьалхо баьццара гуш хилла дежийлаш кIайчу сурте дирзинера. Дарц тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш дара.

БежIуша шайга деха ла ца дегIийтира. Даьхни цхьаьна а тоьхна, кху шинна тIебаьхкира уьш. Вистхила цхьа а сих ца лора. Гуш дара воккхаве меттиг цахилар.

ХIоьттина тийналла йохийра Джунайда:

— Шу кхета хир ду, — элира цо меллаша, — кху хIоьттинчу хьолехь даьхний рагIушна кIел лохкийла вайи дацарх. Шеллур ду уьш. Ткъа божалш вайи а дац кхузахь. Нагахь санна дарц дIа ца туьйш дахлахь — цунах тешам а бац — уьш хIаллакьхир ду. Къаьсттана эсашна тIехь кхозуш бу кхерам. Берзалой а ижуна араевр ю. Дуьсуш дерг хIун ду?

Къамел а сацийна, массаьрга бIаьрг тухуш чекхвелира иза. Цхьа а вист ца хуьлура.

— Ойла ян еза-кха, — эккхийтира цхьамма.

— Ойла еш йолу-м дикка хан ю. Хьайна хетарг схьаала.

— Суна хIуъа хетча а даьхни арахь дита

йиш-м яц вайи. РагIушна кIел лаьхкина а кху дорцан хIуьрера дIадаха-м деза бежанаш.

— Суна ишта хета, — къамелан юкъагIоьртира Вахарсолта. — Дерриге бежанаш лахарчу хьуьнан юкъа лахка деза. Кхин дан хIума дац.

— Суна дагадеанарг а изза дара, — къамелаш дукха дах ца далийтархьама, шена хеташ хилларг сихха дIахьедира Джунайда. — ТIехь тхов бацахь а, мох хир бац цигахь. Иза а цхьа аьтту бу. Цхьаберш хьалха бевр бу бежанаш хьуьнан кIорге ца дахийта, вукхара тIаьхьара лохкур ду. Кху хьолах хьалхадовла кхин бегIийла некъ бу аьлла хетахь, аш бохург а дийр ду-кх вай.

Кхин некъ бацара. Бежанаш хьуьна юкъа лаьхкира цара.

Селхана сарахь даьлла дарц IуьйранIа а дIатуьйш дацара. Хьуьнан юккъехь, стигал кIел, буьйса текхна бежIуй шелбеллера. ГIорийна бедарш къерсигех чIагIъелла, дуьйлина кит санна яра. Бакъду, шаьш дол-долчохь цIераш-м къадайора бежIуша, амма царна хьалха а хиъна Iойла а кIезиг хуьлура — Iуналла дан дезара дохнан. Цаьрга бIаьрг а тоьхна, шен метта юхакхачале цIе яйна карайора.

ХIинца Iуьйранга бевлча ойла ян езаш кхин цхьа хIума дара — даа хIума дацара бежанашна. Иза мичара тардийр ду? Цхьа а тайпа орца тIекхочийла а дац. Цул сов, кхузахь хIоьттина хьал цIахь хууш а хир дац. Лаьмнашкахь дарц далархх, хаза денош лаьтта лахахь, лаьмнийн кIажошкахь.

— Диттийн генаш ларга деза! — сацам хилира даьхнилелорхойн. ХIокхеран ирсана шуьйра баьццара гIаш дара царна тIехь.

Иштта, кхаа дийнахь, кхаа буса диттийи гIаш а даош хене дехира цара бежанаш. Кхаа дийнахь, кхаа буса бахбелира Iаламца къийсам. ДоьалгIачу дийнахь, дарц дIа а тийна, малх хьаьжча, хьуьнан юкъара аралаьхкира цара бежанаш. Бовхачу малхо сарале дашийра кIорга диллина ло.

Оцу халачу хьелашкахь шайгара йоккха къонахчалла, стогалла гайтира даьхнилелорхоша. Цхьа а бежана ца долуьйтуш, дерриге бохамах хьалха дехира. Иза боккха толам бара. Иштта хала киртиг натгахь бен тIе ца нислахь а, цо зоь накъостий, дахчадо доттагIалла, Iамабо керла халонаш эшо.

КПСС-н Ножин-Юьртан райкомо, райисполкомо, колхозан правленис доккха баркалла а кхайкхош, хьокъала доллу совгIаташ дира даьхнилелорхошна.

И кхо дей,кхо буьйсий дара Вахарсолтина, Джунайдана тховса дагадеанарг. Иштгаиг дагалацар-м башха вон а дац. Цхьа эзар сов корта даьхний ламанан дежийлашка дIадига дезаш хилча, хIор а хууш хила веза шена тIехь долу жоьпалла.

— Тхан бахамехь коьртачех цхьа дакъа ду даьхнилелор, — дуьйцу соьга Эльсункаев Вахас, тхо дохнан ферме доьлхуш. — Ламанан хьелашкахь шена тIе алссам тидам бахийта безаш гIуллакх а ду иза. Дуьйш-лелош долу латтанаш кIезиг ду олийла дацахь а, амма уьш дукха ду аьлла дозалла дан меттиг бац тхан. Ткъа иза иштта хилча, ламанан басеш а, хьаннаш а ма ю царел арахьа юьсуш. Царех муха пайдаэца беза? Кхеташ ду — даьхнилелорца.

Замай-Юрт тІаьхьа а юьтуш, малхбузехьа Йохийначу эвла доьлхуш ду тхо. Хьалха цигахь бехаш хилла замайюьртахой. Ткъе уьтталгІачу шерашкахь кхузара цхьацца меттигаш текха йолаелча, кхозабеллачу бохамах хьалха бахархьама, баха лаха баьхна. Цундела колхозана юкъайогІучу пхеа а юьртах, уггаре къона ю Замай-Юрт — шовзткъе диъ шо бен дац иза йиллина.

Амма хьалха хилла эвла тІе а ца текхна. БІарийн юькъачу хьуьно сенйина лаьтташ ю иза.

— Деккъа оцу цхьана бІараша а тІе токхуьйтур яцара хІара эвла, — забар йо Вахас. — Мел дукха ду уьш? Церан орамаш кІорге лаьттах доьлху.

Хьалха нехан долахь бошмашкахь хилла уьш. ХІинца колхозан долалле девлла. Вуьшта, ламанан кхечу ярташкахь санна, кхузарчу бахархойн бошмашкахь а алсам ду бІараш, кхечу стоьмийн диттел. Уьш дика кхуьуш хиларна хила а там бу иза.

Вахига кхин хеттарш ца до ас. Тхо хІинца ферме дІакхаьчна. Дерригенан хьокъехь суна хуур ду даьхнилелорхошкара шайгара.

Малх хІинцца хьалалата кечлуш бара. Ткъа даьхнилелорхой тоххарехь дуьйна шайн белхан меттигашкахь бара.

Ферма ю ала а хала дара цунах. Кхузахь дерг рагІуш дара. Цундела сан цецваларх кхеттачу «хІусамдайша» сихха схьахьедо:

— БІаьстенан юьххьехь, ламанан дежийлашка хьаладиггалц а, гуьйранна цигара цІа далийча шелъяллалц а бен кхузахь ца кхобу оха даьхний. ХІокху заманан лехамашна жоп

луш йолу йоккха ферма ю Замай-Юьртахь. Іа цигахь доккху дохно. Кхузахь кхин аьтту бу: рагІушна чуьра ара ма-дехьхинехь, бежанаш шайн дежийлашкахь ду. ХІоккхера дІа долалуш ду уьш. Ткъа узуш долчу хьелашна къастийна шайн рагІуш ду. Машех гІуллакх дан дика чоьнаш а ю.

УьтталгІачу пхеашеран хьалхарчу шарахь даьхнилелорхоша шайна хьалхахІиттийначу дозанашка хьоьжуш воллуш, ас тергалдира цхьа хІума: планашна тІехь а, тІелацамашна тІехь а хІумма а хьахийна дацара машех лаьцна.

Сайна хьалха хІоьттина и хаттар ас тІаьхьалонга теттина дитина дара. Цунна жоп сина кхузахь карон дезаш дара.

— Оха даьхний жижигана лелош ду. Шурина кхобуш даьхний дац тхан. Маша, хьуна гуш ма-хиллара, даккха-м доккху, амма иза колхозникийн шайн хьаште хьовзадо. Масала, кхузахь белхаш беш бу тІебаьхкина говзанчаш — гІишлошъярхой, хьехархой, иштта дІа кхин а. Цул сов, хІор вахархочун кертахь а дац кхобуш хьелий. Цундела шурий, даьттий, нехчий — царна оьшшург кхузахь йолуш ю, — кхетаво со фермин заведующис Геримсултанов Джунайда.

Колхозехь кхобуш дерг — цхьа эзар ши бІе корта бежана ду. Цхьа а тайпа дараш ца хуьлуьйтуш Іаьнах даьхна уьш. УьссалгІачу пхеашарахь тІелацамаш хенал хьалха кхочушбира даьхнилелорхоша. УьтталгІачу пхеашеран хьалхарчу шарахь пачхьалкхана жижиг дохкаран план кхаа баттахь кхочушйина.

Со цигахь волчу хенахь даьхнилелорхойн берриге пицкъаш — даьхний ламанан дежий-

лашка дигарна кечамбарна тIехьажийна бара. Нагахь саша хIор бежанан дийнахь-бусий дилхалахь тIекхетаран терзанан барам юкъерчу хьесапехь 700—750 грамм белахь, ламанан дежийлашкахь и терахь кхин а лакхадер ду.

Даьхний диллина ветеринарни лоьран тергамехь латтадо цара. Темирязеви цIарах йолу Ерригсоюзни юьртабахаман институт чекх а яьккхина, коьртачу зоотехникан болх беш ву кхузахь Эдилов ИсмаIал. Иза массо хенахь хуьлу даьхнилелорхошна юкъахь, лерина хьожу церан лехамашка.

Суна хаа лаьа ламанан хьелашкахь даьхнилелорхойн хьашташ колхозан куьйгалло муха кхочушдо.

— Цигахь тхан дика хIусамаш ю, — элира соьга Джунайда. — ЦIен уголок ю. Цу чохь ю ловзо шашканаш, шахматаш, деша газеташ, журналаш. Газетех, журналех дерг аьлча — уьш шен-шен хенахь кхачадо тхуна. Оццу цIен уголокехь ю радиоприемник. Буьйсанна цхьаьнакхеттачу хенахь хазачу передачашка, концерте ладогIа боккха аьтту бу и. Цул сов, хIор бежIуьнан ю транзисторни приемник. Колхозо совгIатна елла. Уьш цара шайца лелайо. Гуш ма-хиллара, культурно дIахIоттийна бу тхан болх. Иштта колхозан партийни организацис тхуна доккха гIо до вовшашна юкъахь социалистически йохьалла вовшахтоха. Ламанан дежийлашкахь арахоьцуш ду «Молни».

Цаьрца Iодика яле сан къамелаш хилира даьхнилелорхошца Къинхьегаман Сийлаллин III-чу даржан орденан кавалераца Магомадов Iабдул-Хьаьжица, Гебертаев Вахарсолтица,

Гезиев Мохьмад-Хьаьжица, Габатаев Дачица, хьелиозархошца Инуркаева Курманица, Байсуркаева Гуьмсетаца, Габатаева Майсица, Гебертаева Марханица, Ахухаджиева Марусица, кхечаьрца а. Хьалхелелорхойн могIарехь церан цIераш ехира коьртачу зоотехника Эдилов ИсмаIала, фермин заведующис Къинхьегаман ЦIечу Байракхан орденлелорхочо Геримсултанов Джунайда. Шайн балхах лаьцна дозаллица дийцира цара. Цара бохура, нагахь санна масех шо хьалха даьхнилелоран говзаллах кегийрхой къехкаш хиллехь, хIинца боккхачу лаамца богIу, хIунда аьлча, даьхнилелорхой а, юьртабахаман кхиболу белхалой санна, сийлахьчу тIегIане баьхна. Церан дерриге хьашташ колхозан куьйгалло лерина кхочушдо. Масала, доларчу бежанашна докъар кечдо, Iаьнна дечигца кхачо йо. Масане ду уьш?

Амма вай харц хир ду даьхнилелорехь кхачамбацарш дац аьлча. КПСС-н ЦК-н Генеральни секретара накъост Леонид Ильич Брежневс партин XXV-чу съездана йолчу Отчетни докладехь билгалдаьккхина ма-хиллара «дуккха а гIуллакхаш дар хьалхалатташ ду даьхнилелоран декъехь. Сихдан деза эвсараллин кепаш юкъаялор, лакхадаккха деза бежанийн а, зIакардохнан а сурсаталла, алсамбаккха беза церан барам. Юха а билгалдаккха луур дара даьхнилелор айаран бух докъарш хилар. Цундела Iаламат даккхий гIуллакхаш дина хила декхар ду докъарнйи культураш хьийкъина кхнар лакхадаккхарехь а, цанашший, дежийлашший тодарехь а. Сихдан деза докъарш кечдаран, царех гIуллакхдаран, пайдаэцаран кхузаманахьлерачу технологешна тIе-



БорхIалгIа пхишо а лаккхарчу кхиамашца чекхдаьккхинера колхозо. Цунна совгIаташ динера КПСС-н ЦК-н, СССР-н Министрийн Советан, ВЦСПС-н, ВЛКСМ-н ЦК-н Юбилейни знакаца а, кар-кара луш йолчу ЦIечу Байракхца а.





Уьссалгlа нхишо кхиамца чекхдаккхарна колхезана елла КПСС-н ЦК-н, СССР-н Министрийн Советан, ВЦСПС-н, ВЛКСМ-н ЦК-н кар-кара луш йолу ЦIен Байракх а, Дагалецаман знак а.





КПСС-н Нохч-ГIалгIайн обкоман хьалхара секретарь накъост А. В. Власов колхозан правлени председателе В. А. Эльсункаевга дIалуш ву Даймехкан мехала совгIаташ.



Правленин членаш гулбелла шайн рогlерачу заседане. Дийцаре деш ду бахамца хьалхалаьтта жоьпаллин декхарш.



Колхозан коьрта агроном Хизриев Ахьмад кlеп арахь.

Къинхьегаман ЦIечу Байракхан орденлелорхо Геримсултанов Джунайд.



Ленинан орденлелорхо томкалелочу бригадан бригадир Мудушев Сайд-Селам.





Томкин аренашкахь.

ДIадоьдуш ду кIа чудерзор.





Колхозан тоьлла комбайнер
Эльсункаев Вадуд.

Ча раьгIнашка диллар.





Колхозан ветеринарни лор Янсуков Леча хьелиозархошна цхьацца хьехамаш беш воллу.

Колхозан тоьлла болу хьелиозархой (аьрру агIорхьара аьтту агIор) Ипуркаева Курмана, Тушигова Залпаъ, Аюбова Тайпаъ, Габатаева Майса.





Колхозан консервни заводан цхьана цехехь.

Хьаьттахь.





Яздархо, Мескитарчу юккъерчу школан директор Айдамиров Абузар бахаман томкалелорхойн дезчу дийнахь колхозникашна хьалха къамел деш ву.



Томкалелорхо Солтгериева Зарабат.



Фронте совгIаташ дIаэцна вахана Мескитара вахархо Гайтаев Юнус (шолгIачу могIарехь аьтту агIор) фронтан командующица а, эпсаршца а цхьаьна.

довлар, кхин а жигара кхион еза комбидокъарийн промышленность» [1]

Партис шайна хьалхахIиттош долчу оцу декхарех дика кхета даьхнилелорхой а, колхозан куьйгалла а. Цундела, долуш долу кхачамбацарш сихдинна дIа а дохуш, и декхарш кхочушдарна тIе шайн берриге ницкъаш бахийтина цара къахьоьгуш хилар — иза коьртаниг ду.

Атта бац церан болх. Амма атта ирс а ца хуьлу. Ткъа хьаналчу а, халачу а къинхьегамехь царна шайн ирс а карийна, уьш сий-ларам хиларе а кхачийна.

---

[1] Брежнев Л. И. КПСС-н Центральни Комитетан Отчет а, чоьхьарчуй, арахьарчуй политикан декъехь партин декхарш а. М., 1975, Политиздат, агIо 54.

ЯЬССИН ЙИСТЕХЬ ХЕЗНА ДИЙЦАР

Уьш бу кхуллурш мехкан токхо,
Дахар денна хаздо цара.
Хьоьстур варий-ткъа со зовккхо,
Ишгта адмаш дацахьара?!

ТІекхача герга яра колхозникийн юкъара собрани. Цуьнца доьзна дуккха гІуллакхаш дара председателан, парткоман секретаран, коьртачу агрономан, ишгта кхечу говзанчийн, правленин членийн.

Стоьлана гонах а гулбелла, цхьацца гІуллакхаш дийцаре деш бохкура уьш. Царна новкъарло ца ярхьама, юьстах долчу гІанта а хиъна, цхьана юьртабахаман журнала тІе а хьоьжуш, уьш бовларе ладоьгІуш Іара со. Цара хоьрцура цхьацца кехаташ, вовшашца дустура терахьаш, дуьйцура динчун а, дан дезачун а хьокъехь.

Оцу сихаллехь цхьамма а тидам ца бира неІарх тоьхначу пІелган. Дуьхьала жоп ца хезча, меллаша неІ йиллина чоьхьа а яьлла: «Мегар дуй?» — аьлла, йистхилира цхьа йоккха стаг. Амма хІорш сиха бохкуш хиларх кхетта йолу иза: «Бехк ма биллалаш», — олуш, арайяла сихъелира.

Цхьаьнга цхьаъ ала корта хьалаайбешшехь, неІарх ара тиллачу йоккхачу стеган букъах бІаьрг кхийтира Вахин.

— Бехк ма биллалаш. Язу яцара иза? —

сихха хьала а гІаьттана цунна тІаьхьа хьаьдира председатель.

— Язу! Ахь хІун леладо, схьа чу йола! — цунна тІаьхьа цІогІа туьйхира Вахас.

Иза юха йирзира.

— ХІун гІуллакх дохьуш санера хьо? Со ладугІуш ву-кх хьоьга, — кІедда дуьйцура Вахас.

— Гуьмсехь эцна кІора бара сан. ЦІа бан машина езар-кха суна, яла аьтту белахь, — нийзалуш элира йоккхачу стага. — Со-м шу сиха дохкуш а гина, тІаьхьо ян дагахь дІайоьдуш йоллурий.

— ХІума дац. КІора эцна боху ахь?

— ХІара кехат делла-кх цара.

— Схьадал иза соьга, — квитанци шега схьанйцира Вахас. ТІаккха цунна тІе а хьаьжна: — Дерриг а кхеташ ду. ЦІа а гІой, хьайн гІуллакхе хьажа. Суьйранна кІора цІахь хир бу хьан, — элира цо.

— Ма доккха гІуллакх хуьлу-кх суна цунах. Баркалла. Дукха вехийла хьо, — самукъаделира зудчун. — Муьлха машен ю хиъча, со цунна тІегІур яр-кха.

— Хьо цхьаннхьа яха оьшуш дац. ЦІа а гІой, садаІа. КІоранна са ма гатде. Могашалла муха ю хьан?

— Тоьур йолуш ю.

— Маршалла хуьлда.

Вахас неІаре кхаччалц новкъа яькхира иза. ТІаккха юха а шен метта охьа а хиъна, юкъахдисина гІуллакхаш дийцаре дан волавелира иза.

Цо хІинца оцу зудчуьнца дина къамел а, жимма хьалхо цхьана кхечу стаге: «Кхуза оьхуш къа а ма хьега! Ахь дуьйцучух дош хир

дац!» — аьлла делла кIоршаме жоп а цхьана стеган амалца догIуш дацара. Цунах кхета гIертара со. Ас ойла йора: «Нагахь санна и зуда ца еанехь-м, шаьш сиха дохккушехь юкъа хIунда гIерта, аьлла оьгIаз вахана, аравьккхина хир вара цо иза. Иштта хилча сиха ву, тIаьхьо вола хIунда ца элира цо? Цул сов, хьалхалаьтташ колхозникийн юкъара собрани а йолуш, иштта хIунда хуьлу иза белхалошца? Шена уьш дуьхьала баха бахьана лоьху-те цо?»

Кхин а дара соьга ойла йойтуш. Кху чохь гулбелла ма бу бригадираш. Иза, шеко йоцуш, царах цхьаннан бригадехь къахьоьгуш хилла хир ву. Делахь-хIета, бригадира шен дош хIунда ца эли? ДуьххьалдIа шена тIе ца варна оьгIаз вахна-те иза?

Берриге дIаса а бекъабелла тхойшиъ тхаьш висича, Вахас кхетийра со дерригенах а.

Колхозехь даима оьшуш ду къинхьегамна хьуьнаре куьйгаш. Уьш совдевлла меттиг цкъа а ца йогIу. Цундела, бахамера дIавоьдуш верг ваьлча, иза сацо йиш яцахь а, амма чIогIа халахета. Дог Iаьвжа. Царех шайх къахета.

— Сихачу муьрехь колхозера веддера иза. Ша ведда ца Iаш кхиберш а тIаьхьа базийнера. Масех шарахь кхирстина а лелла, кхечанхьа чул кхузахь тоьлашха дуй а хиъна, Бож-Iелас ма-аллара, Саьлмирзин говр санна, хьаьвззина вуха всана. Цунах болх тешо мила ваьхьар ву? Ткъа Умалатова Язу хIара колхоз вовшахтоьхначу хенахь дуьйна кхузахь къахьоьгуш ю. Шен хенахь гIараяьлла хьаьжкIашлелорхо яра иза. Со гIалат ца ваьлла: къахьоьгуш ю. Пенсехь елахь а, гIуллакхана юьстах лаьтташ яц иза. Иштачарна колхозо хIумма а ца кхоадо.

Жимма Iийна-а Вахас тIетуьйхира:

— Хьажахь цкъа, — гуш дара иза оьгIазе хилар, — практике, я кIеззигчу ханна ккуза балха баьхкина говзанчаш, шайна цIенош а дугIий даиманна совцуш бу. Иштта, хьалха ккузара республикан ккечу районашка баха баханарш а шайн доьзалшций цIа а бирзина, колхозехь хьанала белхаш бо. Вуьшта, милмилла оха тIе а ца лоцу. Масала, и таханалераниг саннарг. Цо йиларг ямартло ю. Хаац суна — тIелаца а там бу. Со ккузахь хIумма вац. Юкъарчу собранис къастор ду цуьнан гIуллакх. Цара тIе а лацахь, хьанала болх беш дIа а волалахь, дохко-м вер вац иза. Дахар денна хазлуш, ккуьуш ду.

Цуьнга ладоьгIуш суна дагаеара районан газетан шира подшивкаш хоьржуш Iаш, суо тIенисвелла цхьа фельетон. Юьртахь хи цахиларна орца доьхуш язйина яра иза. Юьйцуш ерг ГIалитIа яра.

Массо хенахь а схьадеана цхьа хIума. Керла эвла йилла меттиг къастош, хи долччу меттехь зил тухуш хилла адамаша. Хи — иза дахар ду. Хи оьшу цIенош дан, ккача кечбан, цIоналлина. Цуьнга долу дерриге хьашташ дагардина а вер вац.

Юьртахь цхьаъ бен доцу шовда лекъна. Дан а ду иза орца даккхал доккха гIуллакх.

«Гуьйре а, Iа а даима лаьтташ делахьара оха орца доккхур дацара, — яздора корреспондента. — Чам къаьхьа хилахь а лайн хица а кечбан мега ккача, цхьа а тайпа чам ца хилахь а чийлик кIел хIоттийчахьана, тхевнна лаьцначу чоргIи чухула догIу хи эца таро а ю. Амма Iа а сихха дIадоьду, гуьйранна йочанаш

а данма ца хуьлу. Яьссина къоршкъалеш еш Iаш ду-кх тхо».

Фельетониста дуьйцуш дерг кхузткъалгIачу шерашкахь хилларг ду. Яьссин тогIи чуьра цхьа-ши километр ирхох гехь хи хьаладаккхар аттачех гIуллакх дацара. Даьржина догIуш долу хи хьанйта а дикка хан езара. Цундела доьзалехь мел верг а, чийлик кара лаца хан йолуш, хина орцах волура.

Амма хIинца хIоранна шен-шен кетIахь юйте аьлла кранаш ю. Иштта сурт еккъа цхьана ГIалитIахь хилла ца Iа. Керла хиш далийна Замай-Юьрта а, Мескита а, кхечу ярташка а.

И цхьа хийцам хилла ца Iа тахана кхузарчу бахархойн дахаре беанарг. Уьш боккъала баккхийбе а, цара дозалла дан а хьакъ долуш дуккха а гIуллакхаш дина тIаьххьарчу хенахь юьртан къинхьегамхойн дахаран хьал-де токхдархьама.

Делахь а оцу хийцамийн хьокъехь дуьйцуш, вай гIалат хир ду церан хьоста ца лехча. Мичхьа а, маца а гучудала доладелла и керлачу дахаран шовда?

...Паччахьан Iедалан Россис шен лоллин кIел латтийна йолу Нохчичоь байлахь ца йитира Сийлахь-йоккхачу Октябрьски социалистически революцис. Цуьнан унах-цIена, могашаллин хIо кхерстира Кавказан лаьмнашкахула а. Цо еара бIешерашкахь боданехь даьллинчу халкъана серло, паргIато, нийсо.

Хьалха заманахь йоза-дешар хууш стаг эвлахь ваьлча — иза инзаре тамашена хIума дара, ткъа хIинца йоза-дешар ца хууш верг ваьлча (нагахь санна иштташ валахь а!) — иштта тамашена хета. Амма хьуьжарийн а, маьждигийн а къелла яцара цхьана а кIотарахь а.

Колхозана юкъайогIучу пхеа юьртах уггаре йоккхах йолчу Мескитан эвла юккъехь, дIаяханчу ширачу заманан теш хилла, лаьтташ ду аьгначу тIулгах доьттина дина доккха маьждиг. Цунна юххехь лаккха стигла кхевдина лаьтташ ю къуб а йолуш, са боккхуш йина момсар. Мацах санна, оцу момсара тIера юьртахой дийнахь пхоьазза ламазана маьждиге кхойкхуш моллин аз ца хеза хIинца. Амма хеза, кхузаманан лехамашна жоп а луш, шозза тIе-кIел йинчу юккъерчу школе бераш кхойкхуш бека горгали-м.

И школа кху тIаьххьарчу шерашкахь йина ю. Цу чохь доьшуш ву масех бIе дешархо — меттигерачу бахархойн бераш. Школан директор ву цIеяххана волу похчийн яздархо Айдамиров Абузар — книгашъешархошна шуьйра евзаш йолчу «Еха буьйсанаш» цIе йолчу роман-эпопеян, «Маршонан цIарах», «Ненан дог», иштта дуккхачу кхечу повестийн, дийцарийн автор. Айдамиров Абузаран хIор керла произведени — роман хуьлда иза, повесть я дийцар — боккха кхаъ хиларца тIеоьцу исбаьхьаллин литература ешархоша.

Школан куьйгалхо. Республикан заслуженни хьехархо. Яздархо. Оцу дешнаша кхачабац Айдамиров Абузара бен болх. Цо жигара дакъалоцу колхозан юкъарчу дахарехь а. Иза кест-кеста цхьаьнакхета колхозникашца — шен махкахошца, хьожу церан балхе. ТIаккха «Орга» альманахан, «Ленинан некъ» я «Грозненский рабочий» газетийн агIонашна тIехь зорбане йолу очерк. Цунна бухахь яздина хуьлу: Абузар Айдамиров, яздархо.

Кхуззахь, хьомечу колхозехь, къахьоьгуш бу цуьнан дуккха дешархой а. Уьш производст-

вон хьалхелелорхой, дипломированни юьртабахаман говзанчаш бу. Церан кхиамаш республикехь а шуьйра бевзаш бу. Масала, Къинхьеганан ЦIечу Байракхан орденлелорхочо, республикан Лакхарчу Советан депутата Илманова Маликас а, Байсалуев Саламус а куьйгалла дечу комсомольско-кегийрхойн звенойн цIераш яьхча а тоьур ду. Царна а, иштта и школа чекхъяьккхинчу дуккхачу кхечу дешархошна а карийна дахарехь шайн некъ, оцу новкъа уьш баьхна хьехархоша.

Вай кхузахь юьйцуш ерг еккъа цхьа школа бен яц. Изза ала тарлур дара вукху ярташкарчу школех, хьехархойх лаьцна а. Кхин а ду хазахеташ дерг. Нагахь санна иттех шо хьалха, коьртачу декъана, кхузахь белхаш беш тIебаьхкина хьехархой хиллехь, хIинца дукхах берш селханлера дешархой бу хьомечу ярташкахь тIекхуьуш долчу къоначу чкъурана, школо а, институташа а, университеташа а шайна делла хаарш дIа а луш, иза коммунистически кхетош-кхиош.

ХIокху тIаьххьарчу итт-шийтта шарахь кхузарчу школашкахь дешначу 300 сов стага чекхъяьхна лаккхара а, лерина юккъера а дешаран заведенеш. Царех хилла Iилманчаш, яздархой, лоьраш, хьехархой, партийний, советский, бахамаллин куьйгалхой. Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан хьехархо исторически Iилманийн кандидат Исаев Сайд-Мохьмад, Фрунзенски политехнически институтан хьехархо технически Iилманийн кандидат Висуркаев Увайс, нохчийн къона поэт Сайдуллаев Хьасан — уьш кхузара бу. Эльсункаев Хансолта тIеман зIенан академи чекхйоккхуш ву, Ростовски хал-

къабахаман институтан экономически факультет чекхъяьккхина, оццу вузехь аспирантурехь доьшуш ву Ахмедов Индарби. Шовзткъе иттех шо хьалха цхьанна а дагахь а ца хилларг ду иза. Аттала колхоз юхаметтахIотточчу шовзткъе уьтталгIачу шерашкахь юккъера дешар дешна 5—6 стаг бен вацара кхузахь.

Къайле яц кхетам лаккхабаларца цхьаьна, адамийн культурни а, духовни а хьашташ алсамдовлуш хилар. Цунна тIе а доьгIна, колхозан куьйгалло а, яртийн Советаша а коьрта тидам тIебохуьйту культурни учрежденеш кхиорна. ХIор юьртахь ю масех эзар том книгаш йолуш библиотекаш, клубаш. Ткъа Мескитахь а, ГIалитIахь а дина шиъ культуран ЦIа. Оцу учрежденешкахь белхаш беш бу лерина юккъера дешар дешна белхахой.

— Таханлера юьртан къинхьегамхо — иза морально кхиъна, духовно цIена советски гражданин ву, — дуьйцу Эльсункаев Вахас. — Белхан де чекхдаьлча цунна а лаьа библиотекехь газетийн, книгийн агIонаш хоьрцуш, я клубехь нийсархошна юкъахь культурно са а доIуш мукъа хан самукъане дIаяхьа. Цундела тхан коьрта декхар ду цуьнан духовни хьашташна мелла а тоьлашха жоп дала хьажар. Библиотекийн, клубийн белхахоша вовшахтуху диспутийн, садаIаран суьйренаш, дIахьо хIокху я вукху книгех дешархойн конференцеш. Ткъа исбаьхьаллин самодеятельностан дакъалацархой къинхьегамхошна хьалха юкъабуьйлу концерташца.

Оцу дерригенна тIехь беккъа цхьа культбелхахойн лаам хилар кхачаме дац, — хьесапе эца еза материальни агIо а. Цундела ГIалитIарчуй (председатель Алапаев Ширвани),

Мескитарчуй (председатель Айдамирова Тамара) яртийн Советаша дерриге до культучрежденешна оьшучуьнца кхачоярхьама. Оцу тІехь царна доккха гІо до колхозо а. Масала, ГІалитІара культуран ЦІа колхозан харжах дина ду. Цунна а, Мескитарчу культуран ЦІенна а колхозо эцна электронно-музыкальни гІирсаш, къоман костюмаш, иштта дІа кхин а. Цундела ларамаза дац дика кхиъна исбаьхьаллин самодеятельностан коллективаш а колхозехь хилар. Тахана республикехь дика евза республикански а, Ерригросийски а исбаьхьаллин самодеятельностийн хьажарийн лауреатан иллиалархочун Салманов Ілилманан, Дадашева Тамарин, кхечеран а цІераш.

Колхозан перспективни планашка хьаьжча, дагчохь воккхавер кхоллало. Дукха гІуллакхаш ду дІайолчу ханна а билгалдина. Уггаре хазахеташ дерг — бахаман куьйгалхоша колхозан экономика лакхаяккхарна тІехьажийна дан дезачу гІуллакхашца цхьаьна, къинхьегаман Іер-дахаран а, культурно-серлонан а, лоьраллин а гІуллакхашна а боккха тидам тІебохуьйтуш хилар.

Билгалдина ду Мескитахь типовой проектаца керла культуран ЦІа дар а, цигахь колхозан культуран центр йиллар а. Оцу ЦІийнехь вовшахтухур ю колхозан исбаьхьаллин самодеятельностан халкъан ансамбль. Нагахь санна тахана берийн яслеш кхаа юьртахь бен яцахь, хІокху уьтталгІачу пхеашарахь йисинчу шина юьртахь а схьайоьллур ю. Иштта йийр ю тІебаьхкинчу хьехархошна а, говзанчашна а лерина хІусамаш, хІор школехь а схьайоьллур ю берийн буфеташ, столовеш, ткъа Мескитахь — уггаре йоккхах йолчу юьртахь — уча-

сткови больница. Замай-Юьртахь болх беш ду дахаран-Iеран хьашташ кхочушдаран ЦIа. Бедарш тоьгу а, телерадиомастерскеш ю цу чохь И тайпа кхин а цхьа ЦIа дийр ду герггарчу хенахь Мескитахь. Кхин масане ду уьш дан билгалдина гIуллакхаш? Нагахь санна билгалдинехь — кхочуш а хир ду. ХIинццалц динчо а, деш долчо а тешийна колхозникаш бахаман куьйгалхойн дош шалха цахиларх. Ткъа и дерриге гIуллакхаш колхозан правленис а, партийни организацис а, яртийн Советийн депутаташа а цхьаьний, вовшех дага а бевлла, кхочуш ца дича ца торуш хиларе терра билгалдина.

— Амма кхузахь ала догIуш ду цхьаъ, — тIетуху Вахас. — ХIокху тIаьхьарчу хенахь периодически зорбанехь а, телерадиопередачашкахь а дукха дуьйцу кегийчу наха юьртабахаман говзаллаш караерзоран а, уьш юьртахь совцоран а хьокъехь. Цуьнан шен бахьана а ду. Юьртахь а чIогIа оьшуш ду къоначийн хьуьнар, церан деган алу, синтеме цахилар. Оцу гIуллакхана юьртахо — юьртахь ваха веза бохучу ойланца тIедахча вай Iаламат доккха гIалат долуьйтур дара вайгара. Дуьхьалдiа аьр вай: юьртахь дац хIораннан корматаллаш юьззина гучуяха хьелаш. Оцу декъехь дан дезаш дукха гIуллакхаш ду. ХIуъа аьлча гIаланний, юьртаний юккъехь мелла а башхаллаш юьсуш ю цкъачунна. Уьш кхоччуш дIаяхархьама цхьа шо, ши шо дезна Iийр дац, — ехха хан оьшур ю. Цундела кегий нах юьртахь нуьцкъах сецо гIертар — иза церан хиндерг лачкъо гIертарх санна кхета веза. Иза пачхьалкхана хьалха вайн боккха бехк а хир бара. Тхуна оьшу кхитайпа нах — лаьтте бок-

кха безам а болуш, цуьнца шайн дахар доза кIорггера ойла сецна берш. Иштанаш болуш бу, кIезиг а бац. Цхьамма дехарш ца деш, цара шаьш схьахьебина бахамехь къахьега лаам. Иза тхуна деза ду. Оха ишттачу кегийрхойх дозалла до. Цундела, церан лаамашка а, корматаллашка а хьожжий, белхаш а тарбина. Уьш тхан тIаьхьало ма ю.

Вахас дуьйцучунна тIе ца тойла дац. Нийса боху цо таханлера кегийрхой — шайн тIаьхьало ю. Уьш бу кхана шайн дай-нанойн меттана, уьш хуьйцуш дIахIитта безарш. Латта дан а ду, хила а хилла адамийн уггаре доккха хьал, хазна. Ткъа цара цуьнан хама а, пусур а до. Иза ду дезаниг.

* * *

...Со кест-кеста хуьлу Яьссин йистошкахь, сайн дагна дукхаезачу ламанан ярташкахь. Суна дика бевза кхузара нах — юьртан къинхьегамхой.

...Уьш, малхо кхерзина яххьаш а, балхо берчаш яьхна куьйгаш а долу адамаш, суна гергара а, хьоме а хилла дIахIиттина. Цаьрца долу хIор цхьаьнакхетар — дагна боккха там беш, сан дахарехь ша-тайпанчу маьIне хуьлий дIахIутту.

Сан самукъадолу цара лаьттан хьокъехь къамелаш деш. Сан самукъадолу цаьрца ламанан юьртахь суьйренаш а, Iуьйренаш а тергалъеш. Сан самукъадолу цаьрца, царна юкъахь.

Со кхуза мосазза вогIу керла-керла хийцамаш хаало суна. Цара дагчохь воккхавер кхуллу.

Суна ларамаза дагадогIу поэтически могIанаш.

Лун берд. Яьссин тогIи.
Кхиъна,
Ваьхна эвла.
Сайн бералле вогIу,
Когаш Iуьйра лелла.

Кхуззара дIа Даймохк
Суна болабелла.
Дуьххьарлера байташ
Даг чохь кхоллаелла.

Дуьххьара со безам
Бовза Iеми кхуззахь,
ДоттагIалла, тешам
Дехаш долчохь лулахь.

Ницкъ тIе гулбой бIаьрса
Ирдан вулу.
Амма
Сан бераллин бIаьсте
Шеца яьхьна цхьамма.

Юьхь тIехь шерийн аьрснаш —
Тешаш халчу некъийн.
...Дисна дезна аьрцнаш.
Яьсси. Лун берд. Цкъергий...

Со цец-акъ а вохуш
Ма къонъелла эвла!
«Евза-йовзац», — бохуш
Iа гиччош къежделла.

ХIаъ, иштта ду Яьссин йистехь суна хезна дийцар. Иза керлачу, цIинделлачу дахаро кхоьллина ду. Амма хIара цуьнан чаккхе яц, ткъа юьхь ю. ХIор дийно а, адамийн дахаре бохьучу дикачу хийцамаша а язъеш ю цуьнан агIонаш.

ЧУЛАЦАМ

Лаьтто Іамийна вайи мотт 3
Дезде деана юьрта 11
«Тхо кханенга хьуьйсу» 18
Оцу халачу шерашкахь 29
Аренашкахь са хьалхе даьржа 46
Кераюккъехь седарчий 62
Яьссии йистехь хезна дийцар 78

Шайхиев Алвади Хасмагомедович

НОВЬ АКСАЯ

Редактор Х. М. Джабраилов
Фото С.-Э. Шахидова
Художественный редактор М. Б. Магомаев
Технический редактор С. П. Липатова
Корректор Х. К. Яхъяев

Сдано в набор 18.IV 1977 г. Подписано к печати 25.VIII 1977
Формат 70x90 1/32. Бумага типографская № 2
Объем 2,875 (3,36) п. л. Уч.-изд. л. 3,28 Тираж 1000
СФ04319

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР
Грозный, 21, улица Ленина, 14

Заказ № 3806
Типография имени И. Н. Заболотного
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР
Грозный, улица Интернациональная, 12/33
Цена 10 коп.

Max 10 кеп.

НОВЬ АКСАЯ

(на чеченском языке)

